УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокІ

# Черкес хэку

№32 (13699)

2022 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкІыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦІыхубэ ЗэІущІэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Гъатхэмрэ ГуащІэдэкІымрэ я Махуэм хуэгъэза хъуэхъухэр

**Къэрэшей-Черкесым щыпсэу, пщІэ зыхуэтщІ и цІыхухэ!**

Ди гум къыбгъэдэкІыу дывохъуэхъу Гъатхэмрэ ГуащІэдэкІымрэ я махуэщІым и щІыхькІэ!

Накъыгъэм и 1-р гъэлъэпІэн хабзэр къэгъэщІыныгъэм, гуащІэрылажьэ цІыхум ди къэралым деж пщІэшхуэ зэрыщыхуащІым я нагъыщэщ. Зэкъуэтыныгъэм, зэрыубыдыныгъэм, ипэкІэ кІуэтэным, фІым хуэпабгъэным я махуэщІщ ар.

Мы гъэм зи лІыщІыгъуэр дгъэлъапІэ ди республикэр зэфІэзыгъэувар ди нэхъыжьыфІхэращ, ди анэ-адэхэращ, ди адэшхуэхэмрэ абыхэм я адэжхэмрэщ. Абыхэм къытхуагъэна щІэиным папщІэ ди щхьэр яхудогъэщхъ. Ди къалэныр республикэм и къэкІуэнумкІэ, ар щІэблэщІэм къызэрыхуэдгъэнэнумкІэ жэуаплыгъэращ.

Зыхуэдгъэувыж къалэнхэр, къудамэ зэхуэмыдэхэм щыпхыдгъэкІыну проектхэр мащІэкъым. Дызэдегугъумэ, властымрэ жылагъуэмрэ зэкъуэтмэ, федеральнэ дэІэпыкъуныгъэр хэтмэ, лъэпощхьэпо, гугъуехь псоми дапэлъэщынущ.

Ди хэкуэгъу лъапІэхэ! Дэтхэнэми фІыщІэ фхудощІ фи гуащІэм, фи пабгъэныгъэм, зэчийм, ехъулІэныгъэм папщІэ. Фи щІэдзэныгъэ псори къывдэхъуну, фхуэфащэ пщІэр къыфлъысыжыну! Мамырыгъэ, угъурлыгъэрэ зэІузэпэщыныгъэрэ!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Іэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**




**ПщІэ зыхуэсщІу Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэ!**

Си гум къыбгъэдэкІыу сывохъуэхъу Гъатхэмрэ ГуащІэдэкІымрэ — накъыгъэм и 1 махуэщІым и щІыхькІэ!

Мы гъатхэ махуэщІыр дыгъэм и нэхурэ и хуабагъэрэкІэ гъэнщІащ, къэкІуэнур къэзыгъэщІхэм, гуащІэрылажьэхэм я зэкъуэтыныгъэр и гъуазэщ.

ЦІыхум и зэІузэпэщым, гъащІэ ехъулІэныгъэм, ІэщІагъэ къулеягъым сыт щыгъуи я лъабжьэр лэжьыгъэращ. Ауэ, апщыгъуэми, дэтхэнэми и гуащІэ Іыхьэ хелъхьэ ди хэку цІыкІумрэ псоми ди зэхуэдэ Хэкумрэ я зыужьыныгъэм. Дэтхэнэ жылагъуэми и зыужьыныгъэм, зыхуагъэува къалэнхэр гъэзэщІа хъуным я Іэмалыр гуащІэдэкІымрэ къэгъэщІыныгъэмрэщ. Урысей уардэмрэ фІыщэу тлъагъу Республикэмрэ щІэрэщІэнымкІэ ди пабгъэныгъэм дызэкъуегъэувэ.

Сывохъуэхъу мамырыгъэкІэ, угъурлыгъэрэ хуабагъэрэкІэ! Фи Іуэхухэм, фи щІэдзэныгъэфІхэм ехъулІэныгъэ щызэвгъэхъулІэну, гъатхэ гукъыдэж фиІэну, узыншагъэ быдэ, насыпрэ зэІузэпэщрэ фыщымыщІэну!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,**
**УФ-м и Федеральнэ ЗэІущІэм ФедерацэмкІэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкІыу хэт сенатор**

**ПщІэ зыхуэсщІу республикэм щыпсэухэ! Профсоюзым хэтхэ!**

Къэрэшей-Черкес Республикэм и профсоюз Зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу накъыгъэм (майм) и 1 махуэщІымкІэ сывохъуэхъу!

НобэкІэ мы махуэщІым — Гъатхэмрэ ГуащІэдэкІымрэ я МахуэкІэ йоджэ. А псалъитІым мыхьэнэ куу япкърылъщ. Гъатхэр — гъащІэщІэр къыщыушщ, зэхъуэкІыныгъэщІэхэм дыщыпэплъэщ, гугъапІэщІэхэр къыщыунэхущ. Дэтхэнэми къыдгуроІуэ ди гуащІэдэкІ лэжьыгъэ купщІафІэкІэ ди къэкІуэнур, зэІузэпэщыныгъэр зэрыдухуэнур.

Гъатхэмрэ ГуащІэдэкІымрэ къаруущІэ къыпхалъхьэ, щІэблэхэр зэпащІэ. ИкІи, мы махуэщІыр гуащІэрылажьэхэм, мамыр гъащІэм хущІэкъухэм я зэкъуэтыныгъэр зыгъэщыпкъэщ. Сыт щыгъуи хуэдэу, «Мир! Труд! Май!» къыхуеджэныгъэм ноби мыхьэнэшхуэ иІэщ.

ГуащІэрылажьэхэм я хьэлэмэтхэр, хабзэхэм къагъэув хуитыныгъэхэр тхъумэрэкІэ, цІыхубэм и зэкъуэтыныгъэр дгъэщыпкъэу, илъэс къэс профсоюзхэм накъыгъэм (майм) и 1-м акцэ зэхуэмыдэхэр къызыдогъэпэщ.

Иужьрей илъэситІым, эпидемиологие щытыкІэ хьэлъэм ипкъ къикІыу, зэхуэсхэр дымыщІыфами, мы гъэм профсоюзхэр тоувэж хабзэм тету махуэщІыр зэрагъэлъапІэу щытам – цІыху куэд зэхэшэным. Апщыгъуэми, абдеж щыдгъэнэІуэнущ гуащІэрылажьэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр, цІыхум къихьын хуей улахуэм, лэжьапІэ ІэнатІэхэр хъумэным, социальнэ хуэгъэкІуэтэныгъэхэм теухуа упщІэхэр. Зэхыхьэр екІуэкІынущ «Za Мир! Za Труд! Za Май!» къыхуеджэныгъэм щІэту.

Сывохъуэхъу, пщІэ зыхуэсщІу республикэм щыпсэухэ, узыншагъэ быдэкІэ, зэІузэпэщыныгъэкІэ, унагъуэ къэс гуапагъэ, гъатхэ гукъыдэж щІэлъыну! Мамырыгъэрэ насыпрэ фыщимыгъащІэкІэ! Фи гуащІэдэкІым къыпэкІуэ ехъулІэныгъэхэм фигъэгуфІэну, текІуэныгъэщІэхэм фыхуиншэну!

**АЙБАЗОВЭ Раисэ,**
**КъЧР-м и профсоюз Зэгухьэныгъэм и унафэщІ**

Хьид Махуэм

**Ди хэкуэгъу лъапІэхэ!**

Ураза-Байрам-Хьид махуэщІым и щІыхькІэ ди гум къыбгъэдэкІ хъуэхъухэмкІэ зыфхудогъазэ!

ЦІыхум и псэр нэхъри къабзэ щыхъу, дин фІэщхъуныгъэр щыбагъуэ а махуэщІыр муслъымэнхэм яІыгъа нэщІ мазэр зэриухам и нагъыщэщ.

НэщІ мазэмрэ Хьидымрэ — дэтхэнэми ди гущІэгъуныгъэр, угъурлыгъэр, бэшэчыныгъэр, икъэрарыр псоми ди зэхуэдэ хъерым я лъабжьэщ. КъызыхэкІа лъэпкъ, зэрахьэ дин емылъытауэ ди нэхъыжьхэм щІэину къытхуагъэна фІыгъуэщ ахэр. Аращ Ураза-Байрамыр, адрей ислъам, чыристан дин махуэщІхэми яхуэдэу, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэми, лъэпкъкуэд цІыхубэми фІыуэ щІилъагъур, щІэгурыІуэгъуэр.

Дывохъуэхъу а махуэщІ угъурлым унагъуэ къэс нэхурэ хуабэрэ, гуфІэгъуэ, мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ къыфхуздихьыну! Республикэмрэ къэралымрэ — зэІузэпэщрэ щІэрэщІэныгъэрэ!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Іэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

Къэрэшей лъэпкъым и къэгъэщІэрэщІэжыныгъэ Махуэм

**Ди хэкуэгъу лъапІэхэ!**
**Ди гум къыбгъэдэкІыу дывохъуэхъу къэрэшей лъэпкъым и къэгъэщІэрэщІэжыныгъэ Махуэм и щІыхькІэ!**

А махуэщІым утепсэлъыхьыфынукъым къэрэшейхэм я унэхэм зэрагъэзэжыну гъуэгур зэрызэІухам и хъыбар гуфІэгъуэр зэхахыным и пэ къиуэ, хэщІыныгъэхэмрэ гъэунэхуныгъэхэмрэкІэ гъэнщІауэ щыта илъэс 14-м яхьэлІа гукъэкІыжхэм хуумыгъэзэжу.

Илъэс 65-кІэ узэІэбэкІыжмэ, 1957 гъэм къэхъуащ ар. Ди щхьэхэр яхудогъэщхъ абы зи гуащІэшхуэ хэлъ нэхъыжьхэм. Абыхэм Хэку зауэшхуэм и фронтхэм зэрахьа лІыгъэм, тылым къыщахьа текІуэныгъэхэм, Курыт Азие, Къэзахъстан губгъуэхэм щагуэщІамрэ я гуащІэдэкІ ехъулІэныгъэхэмрэ, нэхъыщхьэращи, лъэпкъыр ягъэзэхуэжыным емышыжу зэрыхущІэкъуам — а псори я щІыналъэ къихьэжынымкІэ лъэкІыныгъэ хъуащ.

Зы илъэскъым къэрэшей цІыхубэм и лъэ теувэжыным хуигъэтІылъар. Ауэ абыхэм гугъуехьхэр къызэранэкІынымкІэ лъэпкъ куэду зэхэт Къэрэшей-Черкесыр дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуащ. Гъэунэхуныгъэ псори япэщІэкІыу я жьэгу къыщагъэзэжам, къэрэшейхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ хэгъуэгум и социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм. Нэхъыщхьэращи, я лъэпкъ хабзэ яхъумэжыфащ, лъэпкъым бгъэдэлъ фІыгъуэхэр щІэблэм хуахъумащ.

Ди хэкуэгъу лъапІэхэ, мы Махуэм дывохъуэхъу насыпрэ фІыгъуэрэкІэ! Унагъуэ къэс — берычэтрэ хуабагъэрэ! Хэкум — щІэрэщІэныгъэрэ мамырыгъэрэ!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Іэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

**Къэрэшей-Черкесым и цІыхубэ лъапІэ!**
**Си гум къыбгъэдэкІыу сывохъуэхъу къэрэшей лъэпкъым и къэгъэщІэрэщІэжыныгъэм и МахуэмкІэ!**

Илъэс куэд депортацэр зрагъэшэча къэрэшей лъэпкъым и хапІэм къызэрихьэжар пэжыгъэр тепщэ зэрыхъужам и нагъыщэщ.

Гъэунэхуныгъэ псоми къэрэшей цІыхубэр пхыкІри, къызэтенащ, и хабзэр, щэнхабзэр, псэ беягъыр, и фІыгъуэхэр ихъумащ икІи нэсащ лъэпкъым и хеягъыр щызэфІагъэувэжа махуэм. Я жьэгухэм къыдыхьэжа къэрэшейхэр къаруущІэкІэ, пабгъэныгъэкІэ, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу адрей лъэпкъхэми ящІыгъуу, хэку цІыкІум и зыузэщІыныгъэм хуэунэтІа къэгъэщІыныгъэ лэжьыгъэм пэрыуващ. А махуэщІыр Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъ къэскІэ и гуфІэгъуэ махуэщ.

Си гум къыбгъэдэкІыу республикэм щыпсэухэм сывохъуэхъу узыншагъэ быдэкІэ, ехъулІэныгъэрэ щІэрэщІэныгъэрэкІэ! Лъэпкъ куэду зэхэту, псоми фІыщэу тлъагъу Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм сыт щыгъуи мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ яку дрелъ, унагъуэ къэс хуабагъэрэ псэхугъуэрэ щремыщІэ!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,**
**УФ-м и Федеральнэ ЗэІущІэм ФедерацэмкІэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкІыу хэт сенатор**

ЩІыхь



# ГуащІэм — фІыщІэ

Иджыблагъэ Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и пэшышхуэм щекІуэкІа зэІущІэм деж къэрал нагъыщэхэмкІэ къыхагъэщащ ди хэгъуэгум щыщу илъэс куэд хъуауэ псэемыблэж гуащІэдэкІ лэжьыгъэ зыгъэтІылъ, ІэщІагъэ ІэпщІэлъапщІагъ ин зыхэлъ цІыху 20.

ЩІыхь нагъыщэхэр яхуэзыгъэфэщар КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Смакуев Дагирщ.

Парламентым и спикер Иванов Александр, езым и щхьэкІи къабгъэдэкІыу, зи щІыхьыр мы махуэм къыхагъэщахэм яхъуэхъуащ Смакуев Дагир.

ФІыщІэ яхуищІащ дэтхэнэри зытелажьэ Іуэхум ІэпщІэлъапщІэу зэрыбгъэдэтым, псэемыблэжыныгъэ къызэрагъэлъагъуэм, къэралым, республикэм зэрыхуэщыпкъэхэм папщІэ.

Мы махуэм зи цІэ къраІуахэм ящыщщ егъэджэныгъэм хэтхэр, техническэ ІэщІагъэхэм пыщІахэр, цІыхухэм лэжьапІэ къахуэгъуэтынымкІэ къулыкъущІэхэр, юриспруденцэм ирилажьэхэр, къэрал къулыкъухэмрэ СМИ-мрэ я лІыкІуэхэр.

КъЧР-м и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и ЩІыхь тхылъыр къызыхуагъэфэща ди лъэпкъэгъухэр: илъэс 18 хъуауэ журналист ІэщІагъэм ирилажьэ, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъЧР-м щІыхь зиІэ и журналист Абидокъуэ Люсанэ, КъЧР-м и прокуратурэм уголовно-процессуальнэ, оперативно-лъыхъуэныгъэ Іуэхухэр зи нэІэ щІэт и къудамэм и прокурор Уэтар Азэмэт, ныбжьыщІэхэм творческэ и лъэныкъуэкІэ зыужьыныгъэ ягъэгъуэтынымкІэ Хьэбэз район Купсэм и егъэджакІуэ Быж Амир, КъЧР-м и ХэхакІуэ комиссэм къызэгъэпэщыныгъэ-методическэ обеспеченэмрэ делопроизводствэмрэкІэ и къудамэм и унафэщІ Жантемыр Еленэ сымэ.

**ХЬЭТАЙ Мадинэ**

**2010 гъэм щегъэжьауэ Ищхъэрэ-Кавказ хэгъуэгум и гъущІ гъуэгухэм щолажьэ «Победа» ретромафІэгур. ХабзэфІ зэрыхъуауэ, абы и лэжьыгъэр илъэс къэси ТекІуэныгъэм и Махуэм хуэкІуэу ирегъажьэри, хэгъуэгум и щІыпІэ куэдым нос.**

ТекІуэныгъэм и илъэс 77-м хуэкІуэу

# Тхыдэ мафІэгур

Мы гъэм мафІэгум Махъачкъалэ, Грознэ, Назрань, Владикавказ, Налшык къалэхэр къызэринэкІри, мэлыжьыхьым (апрелым) и 27-м, сыхьэтыр 10-м Черкесск къалэм и гъущІ гъуэгу станцым къытехьащ. Ар иджыри къыкъуэмыкІ щІыкІэ и гъуо макъыр ину къэІуащ. Ауэрэ, балигъхэри ныбжьыщІэхэри темыпыІэжу зыпэплъэ мафІэгур къыкъуэкІащ, Іугъуэр къыщхьэщихуу. Мес, гъунэгъу къэхъуащи, ипэ ит, абы къыкІэлъыкІуэ вагонхэм тетха псалъэхэр ІупщІу долъагъу: «Домой — на Родину!», «Родина-мать, встречай своих сыновей»...

МафІэгум и тегъэувапІэ лъэгухэм тетщ зауэм къела танкхэр, машинэхэр. МафІэгум и хьэкухэм я «гъуэмылэ» фІамыщІри ашычышхуэхэм изщ. Вагон щхьэгъубжэхэм, бжэхэм къыІутщ



сэлэтхэр, зауэлІхэр. Абыхэм къащхьэщыІукІ «Урааа!» уардэм поджэж пщащэхэм жаІэ уэрэдхэр. ГъущІ гъуэгу станцым тет цІыхубэри абыхэм сэламкІэ, гуфІэкІэ яподжэж, зыгуэрхэри магъ... КІуэ аракъэ, нэгум къыщІэува теплъэгъуэм зауэ нэужь гуфІэгъуэ махуэм дыкъыщигъэхутам хуэдэщ.

МафІэгур къоувыІэри, исхэр станцым къытохьэ. Зауэм къыхэмыкІыжа, ТекІуэныгъэм и ІэфІыр зыІумыхуахэм, хэкІуэдахэм я щІыхькІэ псори зы дакъикъэкІэ зэщІэтаджэри яхуэщыгъуащ.

Станцым а махуэм къеблэгъа хьэщІэхэми, хэгъэрейхэми КъЧР-м и Іэтащхьэм зэрызахуигъазэ тхыгъэм къеджащ республикэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Бугаев Дмитрий.

➜2

Узыншагъэр хъумэным

# Нейрохирургие купсэ

КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ федеральнэ нейрохирургие купсэм и дохутыр нэхъыщхьэ Суфианов Альбертрэ иджыблагъэ зэІущІащ, зэрызэдэлэжьэнум тепсэлъыхьащ.

Ахэр къытеувыІащ фІагъ лъагэ зиІэ нейрохирургическэ дэІэпыкъуныгъэ республикэм и сымаджэхэм зэрылъагъэсыну Іэмалхэм, ди дохутырхэм я ІэпщІэлъапщІагъыр зэрыхагъэхъуэнум.

И гугъу ящІащ сабий нейрохирургием и Ищхъэрэ-Кавказ хэгъуэгу Купсэ Къэрэшей-Черкесым къыщызэгъэпэщыным. Темрезов Рэшид къызэрыхигъэщамкІэ, мы зэдэлэжьэныгъэм хуабжьу къиІэтынущ узыншагъэр хъумэным пылъ ди къулыкъухэм я лэжьыгъэм и мыхьэнэмрэ и пщІэмрэ.

КъЧР-м и Іэтащхьэм Суфианов Альберт хуигъэфэщащ «Заслуженный врач Карачаево-Черкесской Республики» щІыхьыцІэр.

Дохутыр хьэщІэр Къэрэшей-Черкесым щыщ дохутырхэмрэ студент-медикхэмрэ лекцэ къахуеджащ.

**ПАЩІЭ Хьэдис**

**ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ:** COVID-19

**Мэлыжьыхьым (апрелым) и 28-м ехъулІэу:**

**10**-м уз зэрыцІалэр къэйуэлІащ

**21**-рэ сымаджэщхэм щІэлъщ

**44517**-рэ хъужащ

**45802**-рэ сымаджэхэм я бжыгъэщ

**981**-рэ дунейм ехыжащ

Адыгэ унагъуэ къэс — АДЫГЭ ГАЗЕТ!

Лъэпкъ Iуэху

**Къэрэшей-Черкес Республикэм и «Адыгэ Хасэ — Черкесский Парламент» лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм иджыблагъэ тхыгъэ къыIэрыхьащ Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм дэт, зи №2 курыт еджапIэм и е 8-11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр щэнхабзэ-узэщIыныгъэ программэм ипкъ иту, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэ Налшык еблэгъэну зэрамурадым теухуауэ, абыкIи Хасэм и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу...**

**Тхыгъэр къызыIэрыхьа, республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий Iуэхум зэуэ иужь ихьэри, нэхъыфI дыдэу зэрызэфIэкIынум хуигъэкIуащ. Апхуэдэуи, гъунэгъу хэгъуэгухэр, адыгэ лъэпкъыр зэпызыщIэну, нэхъри нэхъыфIыжу зэрызыгъэцIыхуну нэгузыужь гъуэгуанэр икъукIэ фIыщэу къызэрагъэпэщащ КъЧР-м и Адыгэ Хасэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ (ДАХ). Абыхэм я фIыщIэкIэ, махуитIым кърихубыдэу Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм дэт, зи №2 курыт еджапIэм щеджэ ныбжьыщIэ 49-рэ Налшык къалэм щыхьэщIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу къуэш лъэпкъхэм, ди лъэпкъэгъухэм я щэнхабзэм, тхыдэм, щыIэкIэ-псэукIэм зыщагъэгъуэзащ.**

# ЗэпыщIэныгъэр ягъэбыдэ



**ХьэщIагъэ. Нэгузыужь программэ купщIафIэ**

Япэ махуэм сыхьэтыр 11 – м гупыр еблэгъащ Къэбэрдей - Балъкъэр Республикэм и къалащхьэ Налшык. ИкIи, япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ Къэрэшей-Черкесым икIа гупым гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэу Нанэхэ Лерэрэ Жылэгъащтэ Хьэчимрэ.

Егъэджакlуэ бжыгъэ, анэадэхэр, абыхэм я нэIэм щIэта сабийхэр зыхэта гупыр ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм. Апщыгъуэми, Iуэху зэхэщIыкI зыбгъэдэлъ экскурсоводхэм хьэщIэхэр гъэлъэгъуапIэ пэшхэм къыщрашэкIащ, удихьэхыу адыгэхэм (черкесхэм) я тхыдэм, щыIэкIэ-псэукIэм, хабзэхэм щагъэгъуэзащ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщу лIыхъужьыгъэ зезыхьахэм я гугъу къыхуащIащ. ЕджакIуэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ экспонат зэмылIэужьыгъуэхэр: Iэщэхэр, зауэлI фащэхэр. Абы къыкIэлъыкIуэу, щагъэгъуэзащ сурэтыщIхэм, адыгэ фащэм, ныпым я тхыдэм.

НыбжьыщIэхэм телъыджэ ящымыхъуу къэнакъым пасэрей адыгэхэм зэрахьэу щыта лъэпкъ фащэхэр, иджырей адыгэ фащэм и теплъэр, ахэр зи IэрыкI, сурэтыщI-модельер Сэралъп Мадинэ и Арт-купсэр. СурэтыщIым гупсэхуу щIалэгъуалэм къажриIащ ди фащэм и тхыдэм, иIэ плъыфэхэм, и щытыкIэхэм, дыкIэм теухуа куэд. Уеблэмэ, хьэщIэхэр купсэм къыщIэкIыжыну хуэмейуэ куэдрэ зыщаIэжьащ, апхуэдизымкIэ екIуэкIа зэпсэ лъэныгъэр удэзыхьэхти. ЕджакIуэ цIыкIухэм къахуэуша упщIэ куэд модельерым иратащ.

КъыкIэлъыкIуэу, ныбжьыщIэхэр ирашэлIащ «ЩIыхьым и МафIэ Мыужьых», «Псэ жыг» фэеплъ сынхэм, къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий, урыс литературэм и классик щэджащэ Лермонтов Михаил сымэ я фэеплъхэм.

Нэгузыужь программэм кърихубыдэу, нобэрей зэманым зауэр здекIуэкI Украинэм, Донецк ЦIыхубэ Республикэм кърашауэ КъБР-м щетIысэха ныбжьыщIэхэм ящIыгъуу, Къэрэшей-Черкесым икIа гупыр ирагъэблэгъащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ республикэ купсэм зыщызыгъасэхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм. Сабий творческэ гупхэм уэрэд жаIащ, псэр дэзышэх концерт къагъэлъэгъуащ.

Ди республикэм икIа гупым хъуэхъукIэ закъыхуигъэзащ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий.

— Мыпхуэдэ зэхыхьэхэм, зэIущIэхэм — ди сабийхэр, щIалэгъуалэр куэду зыхэтхэм — мыхьэнэшхуэ яIэщ къуэш, гъунэгъу хэгъуэгухэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнымкIэ, хъумэнымкIэ, зыужьыныгъэ игъуэтынымкIэ. Абыхэм я фIыщIэкIэ ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ мэхъу гъунэгъу хэгъуэгухэм я тхыдэм, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, щыIэкIэ-псэукIэм. ЖыпIэнурамэ, мыпхуэдэ зэхыхьэхэр, зэкIэлъыкIуэр хабзэфIым теуващ. Абы дыхэм хъуэхъу гуапэ къыхужаIащ КъБР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ проектхэмкIэ и министр Къурашын Анзор, ДАХ-м и вице-президент, КъЧР-м и «Адыгэ Хасэ – Черкесский Парламент» лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэ, ди республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат Аслъэнхэ Алий, КъБР-м просвещенэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэмрэкIэ и Министерствэм епха, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творческэ зыужьыныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ республикэ купсэм и унафэщI Къалмыкъ Кларэ, хэгъуэгум и лъэпкъ-щэнхабзэ купсэхэм я лIыкIуэхэм.

НыбжьыщIэхэр ирагъэблэгъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщIапIэм. ИкIи, абдеж ахэр щIагъэдэIуащ МЧА организацэм и тхыдэм, ар къызэрызэрагъэпэщам, кърагъэлъэгъуащ лъэпкъ Iуэхум, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм ехьэлIа хьэпшып гъэщIэгъуэныщэхэр.

АдэкIэ хьэщIэхэр ирагъэблагъэ «Вершина» зыгъэщымыгуфIыкIкIэ къанэкъым.

КъытщIэтаджэ щIалэгъуалэм зыщагъэгъуэпщэ хъунукъым Хэкум и къэкIуэнур хъумэнымкIэ, гъэдэхэнымкIэ, зегъэужьынымкIэ езыхэм ях жэуаплыгъэ иныр, — къыхигъэщащ ДАХ-м и тхьэмадэм. ИкIи, хъуэхъум къыдэкIуэу, ДАХ-м и тхьэмадэм къыбгъэдэкIа фэеплъ саугъэтхэмкIэ хьэщIэхэр ягъэгуфIащ.

Къэрэшей-Черкесым икIапсэхупIэм. Абдежми еджакIуэхэм къаIуощIэ цIэрыIуэ хъуа «Невиновен» кинофильмым и роль нэхъыщхьэр зыгъэзэщIа артист телъыджэ Хьэмырзэ Ахьмэд. Абы щIыгъууи сурэт куэд зытрагъэхащ.

Нэгузыужь программэм и етIуанэ махуэм хьэщIэхэр ирагъэплъащ Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым щагъэува, «Ястребок. Письмо из войны» спектаклым. Абы иужь, гупыр ирашалIэ IутIыжь Мэжид и «Адыгэ унэ»-м. ИкIи, а IуэхущIапIэм къыбгъэдэкIыу еджакIуэ къэс фэеплъ саугъэткIэ ягъэгуфIащ. НыбжьыщIэхэм я гукъыдэжыр нэхъри къэзыIэта Iуэхугъуэт ахэр «Сосрыкъуэ» рестораным къыщыхутам. Дауи, ахэр щымыгуфIыкIынкIэ къэнакъым, уеблэмэ гуимыхуж ящыхъуащ гъущI кIапсэ гъуэгумкIэ «Малая Кизиловка» бгым зэрыдэкIар. Апщыгъуэми, абыхэм я нэгу къыщIэуват ХьэтIохъущокъуэм и хадэ телъыджэр. Катамараным ису «Трек» гуэлми къыщажыхьащ.

МахуитIым кърихубыдэу ягъэзэщIа узэщIыныгъэ программэм и кIэухыу, КъБР-м щыщ уэрэджыIэ ныбжьыщIэхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр утыку кърахьащ, адыгэ джэгур ирагъэкIуэкIащ, хьэщIэм къыхуаIэт хабзэ, ерыскъы берычэт зытет адыгэ Iэнэр хуагъэуващ.

Хьэгъундыкъуей адыгэ жылэжьым икIыу Къэбэрдейм махуитIкIэ зыщызыплъыхьахэм гукъэкIыж гуапэхэр къахуэнащ къуэш республикэм щыпсэухэр къазэрыпыкъуэкIам, кърахa хьэщIагъэм, абдеж щалъэгъуам теухуауэ.

— Нэгузыужь программэр хуабжьу гъэщIэгъуэну, удэзыхьэхыу, узэщIыныгъэ мыхьэнэшхуэ хэлъу екIуэкIащ. Тлъэгъуар, зэхэтхар, дызыIущIар, дызэрагъэхьэщIар телъыджэщ, псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ. Иджыри куэдрэ тщыгъупщэнукъым ди нэгу щIэкIамрэ къызэрытпыкъуэкIамрэ...

Дыхуейщ ди еджапIэм и унафэщIым деж щегъэжьауэ, егъэджакIуэхэми, анэадэхэми, еджакIуэхэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхуэтщIыну республикэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий, а организацэм къыбгъэдэкIыу Нанэхэ Лерэ, лъэпкъ Iуэхум пыщIа Жылэгъащтэ Хьэчим сымэ, гулъытэ къытхуэзыщIауэ хъуам, — жеIэ Али-Бэрдыкъуэ щыщ гупым я унафэщIу щыта, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ егъэджакIуэ Иуан Маринэ.

**Зыгъэхьэзырар ЩОХЪУЖЬ Люсанэщ**

ТекIуэныгъэм и илъэс 77-м хуэкIуэу

# Тхыдэ мафIэгур

1↰

«ТекIуэныгъэм и Махуэр — ди къэралым и тхыдэм и махуэ хэхащ икIи ар цIыхубэ лIыхъужьыгъэм, бэшэчагъым, гуащIэдэкI текIуэныгъэм я щыхьэт хъуащ. Мы махуэщIыр игъащIэкIи цIыхубэ фэеплъу къэнэнущ. Хэку зауэшхуэр зауэу щыIам я нэхъ хьэлъэу щытащ. Зэгуэрми тщыгъупщэнукъым Хэкум и хуитыныгъэм папщIэ фронтхэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэр. Къэрэшей-Черкесым и къуэ, ипхъу хахуэхэми я Iыхьэ хэлъщ ТекIуэныгъэм...

Мамырыгъэмрэ гъащIэ насыпыфIэмрэ къытхуэзыхьа ди лIыхъужьхэр щIэблэм ицIыхуу кърeтэдж, зреужь. Мамырыгъэ, угъурлыгъэрэ зэIузэпэщрэ!» — итщ тхыгъэм.

Къызэхуэсахэм захуигъэзащ Ищхъэрэ — Кавказ гъущI гъуэгухэм я унафэщIым и къуэдзэ Лукьяненков Дмитрий икIи къытепсэлъыхьащ зауэ илъэсхэм гъущI гъуэгухэм мыхьэнэуэ яIам, абыхэм щылажьэ цIыхухэм лIыгъэрэ псэемыблэжыныгъэу къакъуэкIам. «ДиIэщ дызэрыгушхуэн», — жиIащ абы.

ХабзэфI зэрыхъуауэ, хьэщIэхэм концерт ятащ, зауэ илъэсхэм къагъэщIа уэрэдхэр жаIащ, къэфащ. Махуэр хуабжьу къызэрымыкIуэт: зэми нэпсхэр къекIуэт, зэми гуфIэгъуэм цIыхухэр зэщIиIэтэт. Тхыдэм ифIри и гуауэри цIыхубэм зэрызэдигуэшым, зэрызэгурыIуэм и щыхьэтт а псори. ИкIи, шэч хэлъкъым, апхуэдэ зэкъуэтыныгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ къызыдекIуэкI къэралым, абы и жылагъуэм зыри къыпэлъэщынукъым.

«Победа» мафIэгум адэкIэ и гъуэгум пещэ. Краснодар, Новороссийск, Таганрог, Ростов. Иужьрей къэувыIэгъуэр накъыгъэм и 9-ращ. Псори зэхэту километр мини 2-м щIигъу зэпичынущ, зы къэувыIэпIэмрэ къыкIэлъыкIуэмрэ я зэхуаку мафIэгу хьэкум фIамыщI хьэнцэ 200-м нэс ирадзэнущ. КъыкIэлъыкIуэ зекIуэр — дяпэгъэ, 78-нэу къэралым ТекIуэныгъэм и Махуэр щигъэлъэпIэнум хуэкIуэу ирагъэжьэнущ.

**ТУАРШЫ Ирэ.**
**Сурэтыр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ**

УпщIэ — жэуап

# Къэралым зэрыхуэщэхуэнур

Нэхъапэ щIыкIэ гурыIуэгъуэ щIын хуейщ къэралыр зэрыщахуэм (закупки) и мыхьэнэр. Къэралым езым къещэху хьэпшыпхэр, хуэIухуэщIэхэр, ахэр къулыкъу зэхуэмыдэхэм, муниципалитетхэм, еджапIэхэм яхуигъэкIуэн, къэрал сатущIапIэхэм къытрилъхьэн щхьэкIэ. Мы IуэхумкIэ къызэрагъэпэщ зэныкъуэкъуныгъэхэр (конкурсные торги, аукционы). Iуэхур нэхъ пуду, нэхъыфIу къэралым хузэфIэзыгъэкIыну къащыхъухэр къыхахри, абыхэм бюджет ахъшэ хуаутIыпщ.

2022 гъэм мы IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Мыбы ипкъ иту хабзэ зэхэтыкIэм къыщыунэхуа зэхъуэкIыныгъэр епхащ №44-ФЗ Федеральнэ хабзэм. Къэралыр зэрыщахуэ гъэпсыкIэхэм, аукционхэм хэтхэм хуагъэув къалэнхэм, мыбдежым щызэхалъхьэ тхылъхэм иджы ирамытхэжхэм, уасэхэр хэхъуэным пэщIэт (антидемпинг) Iэмалхэм къытхутопсэлъыхь УФ-м и федеральнэ антидопинг къулыкъум (ФАС) Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэм къэралыр зэрыщахуэм кIэлъыплъ и отделым и лэжьакIуэ Мэремкъул Эвелинэ.

**— Къэралым зэрыхуэщахуэм дауэ зихъуэжыну 2022 гъэм?**

— Нэхъапэ щIыкIэ сытепсэлъыхьынщ мы гъэм щыIэну зэхъуэкIыныгъэ нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэу, 2022 гъэм щIышылэм (январым) и 1-м къыщегъэжьауэ нэхъ мащIэ хъуащ зэрыщахуэ Iэмалхэр, ахэр зэрырагъэкIуэкI хабзэхэр.

Зэрыщахуэ Iэмалхэм хагъэкIыжащ къекIуэкIыгъуитIу зэхэт конкурсхэр, куэд къызэщIэзыубыдэ зэпеуэхэр, къыхэлъхьэныгъэхэм щIэлъэIуныр. Къыхэлъхьэныгъэхэм зэрыщIэлъэIум нэхъ тегъэчынауэ и гугъу тщIымэ, иджы кърахьэжьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иту, уасэхэм (котировкэхэм) электроннэ IэмалкIэ щIэлъэIу хъунущ, апщыгъуэми контрактым и пэщIэдзэ уасэ нэхъ инымрэ илъэс лимитымрэ гъунапкъэхэм ирамыгъэуввэу.

Апхуэдэу иджы щэхуэным епха тхылъхэр щатыр сату зэхуэщIа щрагъэкIуэкI закъуэращ. Адрейхэм деж ирокъу езы контрактым щызыгъэгъуазэ тхылъымрэ абы и проектымрэ.

НэгъуэщI зэхъуэкIыныгъэхэм ящIыгъуу, сыт хуэдэ электроннэ сатури щахъуэжыр е щызэтрагъэувыIэр зы пIалъэу ягъэуващ. Апхуэдэу Iуэхур щызэблах хъунур лъэIу тхылъхэр тыныр щаухым я нэхъ мащIэрамэ зы махуэ къэнэжауэщ.

ЗэрахъуэкIащ зэрыщахуэ Iэмал щхьэхуэхэри. Псалъэм папщIэ, электроннэ аукционхэм хэтыжкъым лъэIур Iыхьит1у ягуэшу зэрыщытар. Уасэхэм (котировкэхэм) щыщIэлъэIукIэ, контрактым и пэщIэдзэ уасэ нэхъ иныр сом мелуаным щIигъумэ, лъэIур мылъкукIэ щIагъэбыдэн хуейщ.

**— Дауэ зихъуэжа щэхуэным хэтын папщIэ ят лъэIум къыщыхьа хъыбархэм я къэухьыр?**

— ЗэхъуэкIыныгъэхэм я къэухьым иту, щэхуэным хэтыным теухуа лъэIу тхылъым ит хъыбархэм я бжыгъэр ягъэмэщIащ. А щIыкIэм иту, электроннэ аукционым хэтым теухуа хъыбархэм (цIэм, хэщIапIэм, нэгъуэщIхэм) я нэхъыбапIэр щэхуакIуэм (заказчикым) иджы къыхуокIуэ, электроннэ утыкум и операторым къыбгъэдэкIыу.

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-м ипэкIэ сатум хэтхэм къагъэлъэгъуапхъэт нэIэ организацэм, зыгъэзащIэ коллегиальнэ органым, абы и директорымрэ хэтхэмрэ я ИНН-м теухуа хъыбархэр.

**— Мы гъэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ къахэхуа щэхуэным хэтхэм нэхъыщхьэу хуагъэув къалэнхэм?**

— Хабзэ зэхэтыкIэм мыхьэнэшхуэ иIэу халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иту, хуабжьу захъуэжащ щэхуэным хэтхэм хуагъэув къалэнхэм. ЩэхуакIуэ Iуэхухэм хуащIа гъэтэрэзыжыныгъэхэм кърагъажьэ предквалификацэр. Сыт а псалъэм къикIыр? Пылъхьэ лей хэмыту щыщахуэхэм икIи контрактым и пэщIэдзэ уасэ нэхъ иныр сом мелуан 20-м щынэсым деж иджы Iуэхум къыхалъытапхъэщ мыхьэнэшхуэ зиIэ щытыкIэ. Аукционым хэтым иIэн хуейщ иужьрей илъэсищым №44-ФЗ или №223-ФЗ федеральнэ хабзэхэмкIэ игъэзэщIа контракт. И контрактым и уасэр хъун хуейщ контрактым и пэщIэдзэ уасэ нэхъ иным и процент 20 мынэхъ мащIэ. Абы къинэмыщIауэ, нэхъ пасэу щIыхуэ къытенамэ, щэхуэныгъэщIэм хыхьэн папщIэ ар зытригъэкIыжын хуейщ.

Оффшор компанэхэм я гугъу тщIымэ, ахэри, я нэIэм щIэт компанэхэри щэхуэн Iуэхум хыхьэ хъунукъым.

**— Ари къыхэгъэщыпхъэщи, ягъэткIиящ антидемпинг (зэныкъуэкъуныгъэ мыхъумыщIэм, сату гъэпцIагъэхэм щызыхъумэ) Iэмалхэр. Ар дауэ зэригъакIуэрэ иджырей хабзэ зэхэтыкIэм?**

— Мы зэманым, антидемпинг Iэмалхэр къыщагъэсэбэпкIэ, контрактыр зэрагъэзащIэр хуэдэ 1,5-кIэ ягъэнэхъыбэ. АрщхьэкIэ, абыи мыхьэнэ иIэщи, а зэман дыдэми ар хъун хуейщ контрактым и пэщIэдзэ уасэ нэхъыбэм и проценти 10 мынэхъ мащIэ. Сатур хыхьэхэкI цIыкIум и субъектхэм е социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ мысату организацэхэм папщIэ ирагъэкIуэкIамэ, процентыр къалъытэ езы контрактым и уасэ дыдэмкIэ.

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**

Урысейпсо акцэ

# Профсоюзхэр зэкъуэтщ



Мэлыжьыхьым (апрелым) и 26-м Къэрэшей-Черкесым и профсоюзхэр Урысейпсо автокъэжэныгъэм хыхьащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ар къыщежьащ Владивосток къалэм мэлыжьыхьым и 12-м.

Ди хэгъуэгум акцэр щрамыгъажьэ ипэкIэ, КъЧР-м и Профзэгухьэныгъэхэм я пашэ Айбазовэ Раисэ хъуэхъукIэ захуигъэзащ автокъэжэныгъэм хэтхэм. Абы и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ ФНПР-м автокъэжэныгъэр «Za мир! Труд! Май!», «Za мир без нацизма!» къыхуеджэныгъэхэм щIэту зэрыригъэкIуэкIыр, цIыху гуащIэрылажьэр хъумэным зэрыхуэунэтIар, Урысейм и дзэм дызэрыкъуэтыр, къэралым и Президентым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрыдэтIыгъыр къызэригъэлъагъуэр. Машинитхум, автокъэжэныгъэм и нагъыщэхэр ятету, Псыхуабэ яунэтIащ. Абдеж щызэхуэсагъэххэт автомобили 160-рэ, къинэмыщIауэ, профсоюз пашэхэр, Ищхъэрэ Кавказым щыщ цIыху жыджэрхэр, хэкупсагъэ ин зыхэлъу профсоюзхэм я Урысейпсо акцэм хэтыну хуей цIыху 700-м зэрынэхьэс абы къекIуэлIащ.

Автокъэжэныгъэм хэтхэм зыхуагъэзащ Псыхуабэ къалэм и мэр Ворошилов Дмитрий, Ставропольем щыIэ профсоюз организацэхэм я унафэщIхэм, ветеранхэм. Мыбдеж гъунэжу щыIуащ Хэкум хуэщыпкъэным, фIыуэ лъагъуным, ТекIуэныгъэ Иным хуэгъэза хэкупсэ уэрэдхэр.

Къэпсэлъэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, профсоюз автоколоннэ зэкъуэтым Дон-Iут-Ростов къалэм иунэтIащ.

Накъыгъэм (майм) и 1-м — гуащIэрылажьэхэм я Махуэм — автокъэжэныгъэм хэтхэм къащыпежьэнущ Москва къалэм, утыку Плъыжьым, икIи къэралым и профсоюз зэщIэхъееныгъэм я зэхуэсым яхыхьэжынущ.

Накъыгъэм (майм) и 9-м профсоюз автоколоннэ зэкъуэтым Волгоград къалэм иунэтIынущ. Абдежми Мамай и Iуащхьэм щекIуэкIыну, ТекIуэныгъэ Иным и дауэдапщэхэм хэтынущ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

КъэпщытэжыныгъэI

# Мэрием и лэжьыгъэр

**Гъэ къэс хуэдэуи, Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей иджыблагъэ доклад къищIащ 2021 гъэм мэрием лэжьыгъэу щызэфIахамрэ дяпэкIэ зэлэжьыну я мурадымрэ хуэгъэзауэ.**

Къэпщытэжыныгъэ Iуэхум хэтащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, Черкесск къалэ Думэм и депутатхэр, диныр лажьэхэр, хабзэхъумэ къулыкъущIэхэр, жылагъуэ организацэхэмрэ муниципальнэ IуэхущIапIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Баскаев Алексей къызэрыхигъэщамкIэ, илъэс кIуар лъэныкъуэ куэдымкIэ гугъуу щытами, республикэм хуэхъумащ экономикэмрэ социальнэ Iуэхухэмрэ я зэпIэзэрытыныгъэр.

«Ди лэжьыгъэр, япэм хуэдэуи, зыхуэунэтIауэ щытар лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэ программэхэр, ди къэралым и Президентым къихьа «май» унафэхэр гъэзэщIэнращ, муниципальнэ бюджетым хэхъуэу иIэр нэхъри гъэбыдэнращ, цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынращ, республикэр зэIузэпэщ щIынращ», — жиIащ мэрым.

Баскаев Алексей къыхигъэщащ къалащхьэм метр зэбгъузэнатIэ мин 93-рэ хъу фэтэр унэхэр (ар 2020 гъэм еплъытмэ, процент 65-кIэ нэхъыбэщ) зэрынагъэсар. КъинэмыщIауэ, гъуэгу Iыхьэ 30 щызэрагъэзэхуэжащ, зэIузэпэщ ящIащ пщIантIэ 23-рэ, яслъи 6 къыщызэIуахащ. Ноби сабий IыгъыпIэхэр щаухуэкIэ, зэманым декIуу ирагъэфIакIуэ еджапIэм ипэ къихуэ къулыкъущIапIэхэр, абыхэм ящыщу 4-м капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэхэр щрагъэкIуэкI, шхапIэхэм оборудованэщIэхэр щIагъэувэ.

Къалэдэсхэм я гъащIэр нэхъыфI щIыным щхьэпэу икIи ефIэкIуэныгъэр къэзыгъэлъагъуэу щыIэр: капитал нэхъыщхьэм инвестицэ ахъшэ къызэрыхэхъуаращ, хыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ телажьэ IуэхущIапIэхэм къагъэсэбэп ахъшэр нэхъыбэ зэрыхъуаращ, псом нэхъыщхьэжыр аращи — ику ит улахуэр къехъуу, мылажьэхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхуаращ.

Мэрым и къэпсэлъэныгъэм наIуэ зэрыщыхъуащи, 2021 гъэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ мэриер ящхьэпащ къалащхьэм дэс цIыху мин 40-м щIигъум — зэрыреспубликэу къапщтэмэ, процент 31-м.

Хэхъуэ зи мащIэ унагъуэхэмрэ щхьэзакъуэу псэухэмрэ папщIэ, нэгъабэ лъандэрэ мэлажьэ социальнэ контрактхэм я программэ. Апхуэдэу, илъэсым кърихубыдэу, Черкесск къалэм къыщрахьэжьагъэххэщ сом мелуан 15 зытекIуэдэну социальнэ контракт 223-рэ.

Баскаев Алексей зэIущIэм къекIуэлIахэр щигъэгъуэзащ дызэрыт илъэсым ялэжьын я мурадым, иджыри зэфIамыха упщIэхэм, псом япэрауэ, псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым хуэгъэзауэ ящIэну къапэщылъым.

ЗэIущIэм и кIэм хуэкIуэу, Баскаевым республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшиди, депутатхэми фIыщIэ псалъэ яхужиIащ, хэгъуэгур егъэфIэкIуэным я гуащIэ къыхалъхьэу, сыт и лъэныкъуэкIи къазэрыдэIэпыкъум папщIэ. «ДяпэкIи къалэн куэд къытпэщылъщ зэгъусэу ди цIыхухэр зыгъэпIейтей лъэпощхьэпохэмрэ зыгъэгумыщIхэмрэ гъерэтыфIэу дгъэзэкIуэну», — щIигъужащ Баскаев Алексей.

**Зыгъэхьэзырыр ЛЫХЬ Тимурщ**

Дин

# Гуп хэщхьэжым и фIыгъуэр

ХабзэфI зэрыхъуауэ, мы гъэми республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щрагъэкIуэкI гуп хэщхьэж пшыхьхэр. Ахэр зи жэрдэмыр КъЧР-м и Iэтащхьэращ. ЖыIэпхъэщи, гупкIэ зэдыхэщхьэжыным зэдэшхэн къудейкъым и мыхьэнэр. АтIэ, абы диныр къабзэу зезыхьэ муслъымэнхэр зэрешалIэ, зэрегъэцIыху, зэрегъэубыд, ислъам дин щIэныгъэкIэ, зэхэщIыкIкIэ зохъуажэ.

Къэрэшей-Черкесым и район къэс чэзууэрэ щрагъэкIуэкIащ гуп хэщхьэжхэр. Мэрем махуэм, мэлыжьыхьым (апрелым) и 29-м Хьэбэз къуажэм щекIуэкIащ гуп хэщхьэж пшыхь. Абы зэришэлIащ зи ныбжькIэ зэхуэмыдэ, ауэ ислъам диным и фIыгъуэ нэхъыщхьэхэр — угъурлыгъэр, цIыхугъэр зи гъуазэ цIыхуи 100-м нэс.

Хьид махуэми Хьэбэз районым и къуажэхэм хьид махуэщIхэр щрагъэкIуэкIынущ. Абыхэми къекIуэлIэнущ сабийхэри балигъхэри.

ЖыIэпхъэщи, нэщI мазэр екIуэкIыхун, пщыхьэщхьэкIэрэ мызэ-мытIэу мы къуажэм щекIуэкIащ мыпхуэдэ дин Iуэхугъуэ угъурлыхэр. Ахэр къызэзыгъэпэщахэм къызыхахар яхуигъэбагъуэ! Хэщхьэж пшыхьхэм духьэуэ ящIари, ТхьэлъэIуу жаIари, нэщIу яIыгъари къабылу Тхьэм ищтэ, жылагъуэм, муслъымэным, дэтхэнэ цIыхуми ифI къыхэкIыу, дунейр сабырыжауэ, мамырыгъэр дэнэ дежи щызэфIэувэжауэ!

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Жьыщхьэ махуэ

# МахуэщI тIуащIэ



Накъыгъэм (майм) и 9-м ди къэралым щыпсэухэм ягъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэр. Къэралыр хэгъуэгу-хэгъуэгуу зэхэтщ икIи дэтхэнэми зауэм, абы къыщахьа ТекIуэныгъэм теухуа гукъэкIыж иIэщ. Дэтхэнэ зыри тхыдэ кIапэщ, псори зэхэту — тхыдэ гъуэгуанэщ.

ГукъэкIыжхэр и мащIэкъым ди хэгъуэгуми. ПсэукIэ-Дахэ, Хъумэрэн ЦIыкIу, Адыгэ-Хьэблэ, Инжыджышхуэ... Адыгэ къуажэхэм ящыщу ахэращ нэхъыбэу 1943 гъэм нэмыцэр зылъэIэсар. Абыхэм щекIуэкIа зэхэуэхэр зи нэгу щIэкIа, къыджезыIэжыфын иджыри къэс диIэурэ дыкъекIуэкIащ. Ауэ, жагъуэ зэрыхъущи, зауэлIхэр илъэс къэс нэхъ мащIэ мэхъу, я гукъэкIыжхэмрэ абыхэм кърагъакIуэ нэпсхэмрэ ахърэтым здахьыжри тхокIыж. Ауэ, тхыдэр зыщыдгъэгъупщэжынымкIэ ар щхьэусыгъуэкъым. Зауэр зи нэгу щIэкIахэм къащIэна бынхэр псэухун, абыхэм жаIэжхэр зэхэзыхын щIэблэ щыIэхун, тхыдэри, фэеплъри псэунущ.

Апхуэдэ ди зы нэхъыжьыфIщ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щыпсэу Акъбащ (Хьэкъун) НэфIыцIэ. ЖыIэпхъэщи, мы нанэм дежкIэ ТекIуэныгъэ Махуэр махуэщI тIуащIэщ. Ар езыр къыщалъхуа махуэщ икIи мы гъэм и илъэс 80-р игъэлъэпIэнущ. А махуэм нанэм хьэщIэхэр и куэдынущ, къыхуеблэгъэнущ и бынхэр, абыхэм къащIэхъуэжа щIэблэ зыбжанэ. МахуэщI даущхэр зэфIэкIа нэужь, сыт щыгъуи хуэдэу, псори нанэ угъурлым етIысылIэнущ, зыракъузылIэнущи, и гукъэкIыж хъыбархэм темыпыIэжу пэплъэнущ. А дакъикъэхэм НэфIыцIэ-нанэ зэрыт щытыкIэр хэти къыгуроIуэри ягъэгузавэкъым. Зэманми, жыгъэми зыуи фагъуэ яхуэмыщIа нанэ и нэ фIыцIэ пIащIэшхуэхэр мэплъыз, кIуэ аракъэ, гукъэкIыжхэр толъкъуну зэтрекIэ...

— Акъылрэ ныбжьрэкIэ сынэсауэ зауэм сыхэмыплъами, къызгурымыIуами, зауэ нэужь илъэсхэр гуимыкIыжу къысхуэнащ. Зауэм ехьэлIащ си анэ-адэм жаIэжу щытахэри. Ауэ псоми я щхьэжыр, а зауэ дыджым си адэ къуэшитI зэрыхэкIуэдаращ, хэкIуэдам къыщымынэу, я хъыбар дымыцIыхуурэ илъэс 70-м нэскIэ дыпсэуащ. Хьэбэз къуажэм щыщ Хьэмыкъуэ Жаннэ илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ иригъэжьа, псапэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэм къыпэкIуэу, абыхэм я хъыбар къытхуитIэщIыжри, дигухэр игъэпсэхужащ. Тхьэр арэзы къыхухъу! — жыжьэу къыщыщIедзэ НэфIыцIэ и гукъэкIыжхэм.

Дэтхэнэ унагъуэми хуэдэу, Хьэкъунхи зауэр къахэIэбащ. Зэшхэм я нэхъыжь Батырджэрий зауэм дамышу, бронкIэ къагъанэри, тылым щылэжьащ. Ар Къущхьэхъу бгылъэ хъупIэхэм итащ, колхоз мэлыр нэмыцэм ящихъумэу, жылагъуэм къыхузэтригъэнэныр и къалэну.

Зауэм дашар зэшхэм я курыт Абдулыхьрэ нэхъыщIэ дыдэ Мэжидрэщ. Абдулыхь Украинэм, Изюмскэ районым щыIэ Каменкэ къуажэм деж щекIуэкIа зэхэуэм щыхэкIуэдащ, абдежми щыщIалъхьэжащ. Къуэшыкхъэм тет цIэ-унагъуэцIэхэм яхэтщ Хьэкъун Абдулыхь ейри. Абы быниплI къыщIэнащ.

Мэжид биийм гъэр ищIри, нэмыцэIуэм ихуащ. Абыхэм ящыщ зым, Польшэм деж, 1944 гъэм щилIыхьащ. Гуауэкъэ, атIэ, унагъуэ ищIэни, бын къыщIэхъуэни хущIэмыхьа, илъэс 29-рэ нэхъ мыхъуа щIалэр апхуэдэу зэрыкIуэдар.

АдэкIи НэфIыцIэ и гукъэкIыжхэм яхьыж и сабиигъуэм, щIалэгъуэм, и адэ-анэ Батырджэрийрэ Хьэлимэтрэ я деж.

— Ди адэр сыт щыгъуи колхозым щылэжьащ. Вэгъзэгът, цIыху щабэт, угъурлыт. Ди анэри и щхьэгъусэм къыкIэрымыхуу лэжьащ, звенопашэт. Абы Iэпщэ къарукIэ имылэжьа щIыгу Iэхэлъахэм игъуэтэгъуейщ. ЩIыхьышхуэ къыхуащIу Москва, ВДНХ-м ягъэкIуауэ щытащ. «ШыбзэкIэ щIэдгъэпщу, IэпщэкIэ длэжьа щIыгур иджы техникэкIэ яхуэлэжьыжкъым», — игу къеуэу жиIэт ямыгъэлэжьэж щIыгухэр щилъагъукIэ.

Сыхъыджэбз такъыру, 1947 гъэм щыIа гъаблэр соцIыхуж, мис ар хьэлъэу си нэгум ноби щIэтщ. Зеикъуэ, Инжыджышхуэ губгъуэхэм я зэпылъыпIэм «мэз цIыкIу»-кIэ еджэу щIыпIэ иIэт. Си шыпхъу, си дэлъху нэхъыжьхэм, ди къуажэгъу балигъхэм зыщIагъути, а щIыпIэм кIуэурэ шэщIыдэ жэуэ, фэ телъу фIыцIэ цIыкIу гуэр, къапщIт. Амум и лъабжьэу жаIэт. Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ жэщ нэгъунэ къэтхэт. Къахьар ди анэм табэм ирикIутэти игъэпIэнкIт, шей фIыцIэм трипхъэт, тхъу тIэкIу хидзэжти, къытхуигуэшт. Арат ди шхыныр. Губгъуэм кIуэти кIэртIоф щIыIэрыс къыхатIыкIт. Насыпышхуэт ар ягъуэтмэ. КъыхатIыкIар ялъэст, фэм къыкIуэцIагъэпкIти, яубт, ягъажьэт. КIэртIоф щIыIэрыс хьэтыкъ жаIэт абы щхьэкIэ. ДагъэмэжэлIакъым. Ди анэр икIи дэрбзэр Iэзэти, щыгъынынши дыхъуакъым. Сыт хуэдэ бзыхьэхуэми зыгуэр къыхихыфынут. Ди адэм и Iэфэ вакъэр идыжу, вакъэнжей игъэщу щысурэ жэщ куэд игъэкIуащ. ЗэгурыIуэу, зэдекъуу псэуащ ди адэ-анэ тхьэмыщкIэр,— пещэ НэфIыцIэ и гукъэкIыжхэм.

И ныбжьыр илъэс 17 хъуа къудейт НэфIыцIэ унагъуэ щихьам. Семэн игъэжащ, губгъуэм итащ, банэ пиупщIащ, пщафIэу лэжьапIэ зэхуэмыдэхэм Iутащ. И щхьэгъусэри зы къуажэдэс лэжьакIуэжь щыIэмэ, етIуанэу, еш имыщIэу мэкъумэш хъызмэтым и гъащIэ псом щылэжьащ. ЗэгурыIуэу, зэдэIуэжу, зэдекъуу псэуахэщ. Гугъу ехьа IэпкълъэпкъмИ зегъэпсэхуж, ауэ зэгуэрми мыкIыжыр, мыпсэхур бын гуауэр зытехуа анэгуращ. Илъэс куэд абы лъандэрэ текIыжами, НэфIыцIэ дыркъуэу и гущхьэм телъщ пасэу фIэкIуэда и къуэ тхьэмыщкIэр (жэнэтыр унапIэ Тхьэм хуищIауэ къыщIигъэкI). Абы псалъэр щыхуэкIуэкIэ и макъыр къызэфIонэ, и нэпсхэр къыфIокIуэ. Гупсысэ хьэлъэхэм нанэр къыхэтшыжмэ ди гуапэу, и нобэ махуэмкIэ, и жьыщхьэр зэрыхъуамкIэ доупщI.

НэфIыцIэ жьыщхьэ махуэ хъуащ хужыпIэныр зыхуэфащэ дыдэщ. ПхъуиплI иIэщи, зым къыхуищIэр адрейм фIэмащIэу, ягъафIэ, гулъытэкIэ къаухъуреихь. ПхъурылъхухэращИ, нанэр я нэщ, я псэщ. Ипхъу нэхъыжьым и бынунагъуэм якIэрысщ, и пIэр къабзэщ, и шхыныр хуабэщ, и псалъэм пщIэ иIэщ. Зы махуи, зы дакъикъи нэIэншэрэ гулъытэншэрэ хъукъым.

— Зыр лIэкIэ, адрейм зилIэжкъым, жыхуаIэр пэжщ. Ди бын хэщIыныгъэм дыкъемылын къытщыхъуурэ, дыпсэуащ, дыкъелащ. Си нобэми сыхуэарэзыщ. Класситху нэхъ къэзмыухами, соджэф. АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр къысIэрыхьэху сфIэбэ мащIэу сыпоплъэ, къызэрахьуи зы тхыгъэ къэзмыгъанэу соджэ. ХьэрыпыбзэкIэ тха КъурIэным семыджэфми, ди хьэрфхэмкIэ тхауэ сиIэщи, абыи, чытапми соджэ. Зэманыр къулейщ, дахэщ. Сэри зэгуэрым симыIа тыншыгъуэмрэ псэхугъуэмрэ си жьыщхьэ сгъуэтыжащи, Алъхьэмдурлилыхь! Нэхъыбэ сыт есщIэнур?! — хьэрэмыгъэншэщ нанэм и псалъэхэр.

Акъбащхэ я унагъуэ жьэгур иджыри куэдрэ зыгъэбжьыфIэу дэсын нанэ-НэфIыцIэ, укъыщалъхуа Махуэм дэри ди хъуэхъухэр пхудогъэфащэ. Уузыншэу, унасыпыфIэу, уи быным уи нэр ядэплъэрэ уи лъэр жан ядэхъуу упсэу!

**ТУАРШЫ Ирэ.**

**Сурэтыр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ**

УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэиныр хъумэным и Илъэсым



# IэщIагъэр зи псэм хэлъ

**Лъэпкъ къэс езым и фащэ зэриIэжым хуэдэу, абы бгъэдэлъщ езым къигъэщIа и уэрэд, и пшыналъэ, и макъамэ. Шэчыншэу, а псори къэзыгъэщI композиторхэм, ахэр IэпщIэлъапщIагъ ин хэлъу Iэмэпсымэхэм къизыгъэкI музыкантхэм, макъ гуакIуэ зыгъэIу уэрэджыIэхэм гъащIэ мыужьых яIэщ.**

Гъуазджэм зи гур хуитхьэщIыкIахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, гъуазджэ утыкур куэд щIауэ зыгъэбжьыфIэ, зэрылъэпкъыу фIыуэ къацIыху, къалъагъу, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Токъубай Маринэ Умар и пхъур.

Иджыри е 3-нэ классым Маринэ щеджэу, Хьэбэз къуажэм дэт гъуазджэмкIэ еджапIэм и унафэщIу щыта, адыгэм къыхэкIа композитор цIэрыIуэ, РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сидакъ СулътIан (*и ахърэтыр фIы ухъу*) къахущIыхьэри закъыхуигъэзат: «Хэт музыкальнэ еджапIэм пшынэ еуэным хуеджэну нэкIуэнур?»,— жиIащ. Апщыгъуэм, Маринэ и Iэр къиIэтащ, зэрыхуейр къигъэлъагъуэу. «Аккордеон хьэмэрэ баян?», — жери къыщеупщIым, аккордеоныр къыхихауэ щытащ.

Пщащэ цIыкIум бгъэдэлъ зэчийр щIэх нэрылъагъу хъуащ. АтIэ, Тхьэшхуэм иухуат бзылъхугъэм и гуащIэдэкI лэжьыгъэр пшынэ еуэным епхауэ щытыну. Адэ-анэми пщащэм и гуращэхэр Iэпаудакъым, уеблэмэ нэхъри трагъэгушхуащ. Апхуэдэуи, 1972 - 1979 гъэхэм Маринэ музыкальнэ еджапIэм щеджащ. Апщыгъуэращ абы уэрэджыIакIуэ гупым аккомпанировать ядищIын щыщIидзари.

Курыт еджапIэр къиуха нэужь, пщащэр Черкесск къалэм дэт музыкальнэ училищэм щIотIысхьэри, 1983 гъэм ехъулIэныгъэ хэлъу «аккордеон» классымкIэ егъэджакIуэу къыщIокI. КъыдэкIуэу, фортепианэми, баянми, домрэми еуэфу хурагъэсащ.

Маринэ и IуэхущIафIэм нэгъэсауэ укъытепсэлъыхьын щхьэкIэ, япэрауэ, умузыканту, макъамэм упыщIауэ, абы гъащIэ гъуэгуанэ пхуэхъуауэ, абы и щэху псоми ущыгъуазэу ущытын хуейщ. Абыхэм псэм и лъащIэр гъуазджэкIэ ягъэхъеифри, дыхуейщ зэрытхузэфIэкIкIэ дгъэлъэпIэну, и цIэр жытIэну.

«И Iэпэм дыщэр къыпощ» жыхуаIэм хуэдэ IэщIагъэ зиIэ Маринэ и творческэ гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епха хъуащ Сидакъ СулътIан и цIэр зезыхьэу Хьэбэз къуажэм дэт гъуазджэмкIэ сабийхэм я еджапIэм. «Черкесия» уэрэджыIакIуэ гупым и концертмейстеру щытащ. «Ислъэмей» Iэмэпсымэ ансамблым аккордеон еуэу хэтащ. Псоми ящIэж абыхэм дахэу адыгэ лъэпкъ щэнхабзэр яIэту, ягъэбжьыфIэу зыкъагъэлъагъуэу зэрыщытар.

Илъэси 10-м щIигъуауэ Банэ Зулетэ зи унафэщI «Созэрэщ» IуэрыIуатэ Iэмэпсымэ ансамблым пшынэ щоуэ. Республикэми гъунэгъу хэгъуэгухэми, дунейпсо зэпеуэхэми япэ увыпIэхэр къыщалъэщу, адыгэ щэнхабзэр яIэт.

Маринэ и псэр аккордеоным апхуэдизымкIэ ихьэхуащи, зы махуи и нэгу къыхущIэгъэхьэкъым абы емыуэну.

— «Аккордеон мыпсынщIэр махуэ къэс къепхьэкIын къохьэлъэкIкъэ?» жаIэу куэд къызоупщI. Зэи. Си гур апхуэдизкIэ хегъахъуэ, апхуэдизкIэ щыз мэхъури, дамэ къыстекIауэ лъэтэным хуэдэу къоуэ.



Сабийхэм уахэтыныр, абыхэм я зэчийм зебгъэужьыныр IуэхуфI дыдэщ. Хуабжьу сфIэгъэщIэгъуэнщ абыхэм махуэ къэс уахэтыныр, уадэлэжьэныр. Мы гъащIэм цIыхум езым и увыпIэ къыщигъуэтыжым мыхьэнэшхуэ иIэм и мызакъуэу, ар икIи насыпышхуэщ. Сэ абыкIэ Тхьэр къысхуэупсауэ солъытэ, — жеIэ пшынауэм.

Адыгэ цIыхубзым нэмысрэ щэныфIагъыу, Iэдэбу хэлъын хуейр Маринэ щегъэлъагъуэ гъащIэми сценэми. 1986 гъэм Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыщ Токъубай Ануар унагъуэ дищIащ, бынищ зэдагъуэтащ. А илъэсым къыщыщIэдзауэ къуажэм дэт курыт еджапIэм (е 1-нэм) макъамэмкIэ егъэджакIуэу илъэс 40 хъуауэ щолажьэ. И нэм и нэхуу, и псэм и хэхъуэу, фIы дыдэу илъагъу ныбжьыщIэ цIыкIухэмрэ егъэджакIуэ гупымрэ гуащIафIэу яхэтщ.

Лъэпкъ зыхыхьами унагъуэ зэрыхьами Маринэ зыри къыщыпэрыуакъым и натIэ кърихта пшынауэнымкIэ нэхъри зиужьынымкIэ, хигъэхъуэнымкIэ, фIыуэ илъэгъуа IэщIагъэм ирилэжьэнымкIэ. И гуащэ Розэ сабийхэр мазэ бжыгъэ фIэкI мыхъуауэ хуиIыгъыурэ, нысэр игъэлажьэу къекIуэкIащ. Ноби зэгурыIуэу зэдопсэу.

Али-Бэрдыкъуэ курыт еджапIэм лэжьэн щыщIидзам Маринэ и ныбжьыр илъэс 22-рэ фIэкI хъутэкъым. Арами, тегушхуэри курыт еджапIэм къыщызэригъэпэщауэ щытащ егъэджакIуэхэм я уэрэджыIэгуп. Езыр ныбжьыщIэ дыдэми, егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэм я пащхьэ дауэ Iэнкун мыхъуми, хузэфIэкIащ зыпэрыува Iуэхур хьэлэмэту къызэригъэпэщын. Уеблэмэ еджапIэм щылэжьа егъэджакIуэ - усакIуэхэу Бемырзэ Мухьэдин, Шорэ Хьэсин сымэ я усэ куэдым макъамэ щIилъхьащ, еджапIэм щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм ноби а усакIуэхэм я сатырхэр щIэрыщIэу гум къыщагъэушыж. Ахэр дунейм темытыжми я усэхэр Маринэ щIилъхьа макъамэмкIэ псэущ.

— Сызыдэлажьэхэми, зэман зэхуэмыдэхэм сызыдэлажьахэми сахуэарэзыщ. Бзылъхугъэхэр унагъуэ зиIэ защIэщ. ИтIани, репетицэр сыхьэтиплIым нэс щедгъэкIуэкI къохъури, зыми къехьэлъэкIыу зигъэлъагъуэкъым. ПсэкIэ къыздаIыгъ сытри. ЕджапIэм и унафэщIым хуабжьу зыкъытщIегъакъуэ. АтIэ, мы илъэсым макъамэ IэмэпсымэфI тхузэтригъэпсыхьащ, — къыпедзэ егъэджакIуэм.

Апхуэдэщи, здэлажьэ курыт еджапIэм деж узыфIэмыкIыжыну гуп дахэ къыщызэригъэпэщауэ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ уэрэд жарегъэIэ, гъуазджэм хешэ.

ГъуазджэкIэ узэджэнур — псэр къызэщIэзыIэтэ, абы и лъащIэр къэзыгъэхъеифращ. Сыт хуэдэу псэ дахэ пхэлъын хуей, апхуэдиз макъамэм я купщIэр нэсу къэбгъэлъэгъуэн щхьэкIэ! НобэкIэ уэрэд 40-м я макъамэ Маринэ зэхилъхьащ.

Маринэ и пшыналъэр адыгэ Хэкум и щIыпIэ куэдым нэсащ, цIыхубэм ялъэIэсащ. Гъунэжу къыхуагъэфэщащ абы и лэжьыгъэм и уасэмрэ мыхьэнэмрэ къэзыгъэлъагъуэ щIыхь тхылъхэр.

Маринэ гуапэщ, цIыху щабэщ. Зыгуэрым щепсалъэм деж, губжьыр къытекIуэу, и макъым зэи зригъэIэткъым. Репетицэхэм деж зэпIэзэрытщ, абы къыхэкIыуи егъэджакIуэ гупри сабийхэри хуабжьу къыхуэарэзыуэ къыдолажьэ. «Псэ къабзэщ, и гур итхьэщIыкIауэ цIыхухэм яхэтщ, сабиипсэм и хъумакIуэ нэсщ», — къыхужаIэ ар зыхэтхэм, къэзыцIыхухэм.

— Маринэ, и IэщIагъэкIэ цIыхупсэр егъэщIэращIэ, цIыхубэм дэрэжэгъуэ хуохъу. «Сабий зэчиифIэхэм ядэлэжьэн» программэр егугъуу егъэзащIэ.

Сабийхэр дрегъэхьэх лъэпкъым и щэнхабзэм. Ди еджапIэм и гушхуапIэщ щIалIэ цIыкIу уэрэджыIэхэр зэрыдиIэр. Псом хуэмыдэу военнэ уэрэдхэм мыхьэнэуэ иIэр абыхэм зыхащIэ, хэкупсэ-лъэпкъыпсэу къотэджхэ.

НыбжьыщIэ закъуэхэракъым ар зыдэлажьэр. И лэжьэгъухэр зыхэт уэрэджыIэ гуп къызэригъэпэщауэ, адыгэ уэрэдыжьхэр жарегъэIэ. Зыгуэрым къыщыхъункIэ мэхъу «утыкум къихьэщ, уэрэдитI жаIэри, икIыжащ» жэуэ. Ауэ ар уэрэдитI къудейкъым. Ар — мазитIкIэ репетицэ гугъухэм хэзыгъэта лэжьыгъэщ. Псом хуэмыдэу, Маринэ и лэжьыгъэр гугъущ.

Иджы дыдэ еджапIэм щедгъэкIуэкIа, Къандур саугъэтым и лауреат, КъЧР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, цIыхубэ усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин теухуа фэеплъ зэхыхьэм деж уэрэджыIэ гупым утыку кърахьа, усакIуэм и усэм къытещIыкIа уэрэдым макъамэ щIэзылъхьар Маринэщ. Мы бзылъхугъэ зэчиифIэм хуэфащэщ и IэдакъэщIэкI уэрэдхэр здызэхуэхьэса сборник къыхудагъэкIыну. Апхуэдэ цIыхухэращ ди лъэпкъ щэнхабзэм и пщIэри, и щIыхьри зыIэтыр. Абы къинэмыщIауэ, и бынри творческэ гъуэгуанэ дахэм ирокIуэ. Ар пхуэзэфIэкIыныр куэд и уасэщ.

Адыгэ цIыхубз Iэдэбщ, щэныфIэщ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ. Зыпэрыхьа Iуэхум кIэ иритынущ, зэфIигъэкIынущ, — къыддогуашэ зи № 1 Али-Бэрдыкъуэ курыт еджапIэм и унафэщI Бахътыр Фаридэ.

ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэфIым и нагъыщэ нэхъ лъапIэхэм ящыщщ и еджакIуэр, и гъэсэныр езым къефIэкIмэ. Маринэ и IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъ зыбгъэдилъхьа ныбжьыщIэхэр ди республикэми, Ищхъэрэ Кавказми цIэрыIуэ щыхъуащ. Абыхэм ящыщщ ТхьэкIумашэхэ Русланрэ Расулрэ. Абыхэми удэкIуэтэнщи, Руслан и пщащэ Миланэ курыт еджапIэм щекIуэкI пшыхьхэр игъэдахэу уэрэд фIы дыдэу жеIэ.

Езы Маринэ и щIалэ Къэхъун бгъэдэлъ зэчийр хэт зымыщIэр? Абы и уэрэд жыIэкIэм куэдым я псэр ихьэхуащ. Ди хэгъуэгум щекIуэкIауэ щыта «12 звезд» зэпеуэм и финалист хъуахэм ящыщщ.

Апхуэдэщи, и гуащIэм къыпэкIуэ ехъулIэныгъэхэм и псэмрэ и гумрэ хагъахъуэу, лъэпкъым бгъэдэлъ щэнхабзэ къулеймрэ гъуазджэ телъыджащэмрэ хъумэным и псэ емыблэжу толажьэ зи пшыналъэ макъамэр цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа, егъэджакIуэ нэс, цIыху щыпкъэ Токъубай Маринэ.

**ЕЗАУЭ Людмилэ**

Хэкупсэ проект

# «А зэманым дэ дыкъыхихат...»









Мыпхуэдэ щхьэщIэдзапIэм щIэту, творческэ лабораторэм ипкъ иту къагъэщIа, «Героями не рождаются, ими становятся» проектыр и лъабжьэу, щэнхабзэ жэрдэмхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ Президент фондым и щIэгъэкъуэнкIэ, Хьэбэз къуажэм хэкупсэ Iуэхугъуэ дахэ иджыблагъэ щекIуэкIащ.

Зи гугъу тщIа проектыр зыгъэзащIэр Афганистаныр зыпэщIэкIа, а зауэм ныкъуэдыкъуагъ хэзыхахэм я Урысейпсо жылагъуэ организацэу Къэрэшей-Черкес Республикэм щыIэ, «Инвалиды войны» зэгухьэныгъэращ.

Пшыхьым къеблэгъащ Къэрэшей-Черкес Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Къэбардэ Иринэ, проектыр зыгъэзащIэхэм ящыщ, Никулин С. и цIэр зезыхьэ республикэ сабий тхылъ хъумапIэм и унафэщI Демишонковэ Наталье, «Афган — 1979-1989» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI, Урысейм и тхакIуэхэмрэ и журналистхэмрэ я Союзым хэт, КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист Абидокъуэ Люсанэ, Хьэбэз район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Унэжь Олег сымэ нэгъуэщIхэри.

— Мы проектым и мыхьэнэ, купщIэ нэхъыщхьэр — щIэблэхэр зэпыщIэнращ. Хэку зауэшхуэр зи нэгу щIэкIа ди ветеранхэр кIуэ пэтми мащIэ мэхъу. Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэтахэри апхуэдэщ. Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIэным, хахуагъэ, лIыхъужьыгъэ, гуеягъ зехьэным я щапхъэщ Афганистаным щыIа ди щIалэхэр, зи интернациональнэ пщэрылъыр лIыгъэ яхэлъу зыгъэзэщIахэр. Абыхэм къагъэлъэгъуа хьэл-щэнхэращ зыщIэтпIыкIын хуейр къытщIэхъуэ ди щIэблэр. Мы проектыр апхуэдэ зы хэкупсэ лэжьыгъэшхуэщ, — къыддэгуэшащ Демишонковэ Наталье.

ЩIэблэр хэкуэпсэ-лъэпкъыпсэу къэгъэтэджыным хуэунэтIауэ екIуэкIа пшыхьым къырагъэблэгъащ Афганистаным щекIуэкIа зауэр зи нэгу щIэкIа зауэлI-интернационалистхэр: Мамхэгъхэ Зауррэ ЗэIудинрэ, Адэмокъуэ Альберт, Мэкъушэ Алик сымэ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIахэр куэду къытепсэлъыхьащ Афганистаным щекIуэкIа зауэм ди къэралыр хыхьа зэрыхъуам, абы хэкIуэда ди щIалэхэм, зэрахьа лIыгъэм, дэтхэнэми и фэеплъыр хъумэн зэрыхуейм.

— Хэкупсагъэм и мыхьэнэр къагурыIуэрэкIэ, нобэрей пшыхьымкIэ къызэщIаубыдащ районым щыщ щIэблэр, класс нэхъыжьхэм щеджэхэр. АтIэ, зы цIыху Iущ гуэрым зэрыжиIауэ, нэхъыщхьэр — фэеплъракъым, атIэ ар зыхъумэращ, зезыхьэращ, зымыгъэкIуэдращ. Ар — щIэблэхэращ.

Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыхуихьа гуауэр, хэщIыныгъэшхуэр дэ щIэтцIыхур, къыщIыднэсар — щIэблэхэм зэIэпахыурэ къыднахьэсащи аращ. Нобэ а зауэм и тхыдэри, Афганистаным щыIа ди щIалэхэр зыхэплъахэри зыIэщIэтлъхьэр мы пшыхьым кърагъэблэгъа щIэблэращ. Ахэращ хэкупсагъэм щIэтпIыкIын хуейр. Уежьэу лIыхъужь ущIэлъыхъуэн щыIэкъым — Афганыр зи нэгу щIэкIахэр, ди щIалэ хахуэхэр ди пащхьэ итщ. Абыхэм я гъащIэ щапхъэщ щIалэгъуалэр зэрыдгъэсэн, зыдэдгъэплъеин хуейр, — къыжиIащ Абидокъуэ Люсанэ.

Хьэбэз щэнхабзэмкIэ Унэм щIэмыхуэу къекIуэлIа щIалэгъуалэр ирагъэплъащ Афганистаным щекIуэкIа, совет зауэлIхэр зыхэта, зауэр ди нэгу къыщIэзыгъэхьэж видео-нэтын купщIафIэм.

Пшыхьым щыIуащ хэкупсагъэ ин зыхэлъ, «Офицеры» уэрэдыр, республикэ филармонием и артист зэчиифIэ Гуэжэ Аминэ игъэзащIэу.

— Мы проектыр гъэзэщIэным цIыху куэдым, къулыкъущIапIэ зэхуэмыдэхэм я гуащIэ ин халъхьащ. Апхуэдэщ, проектым и партнёрхэу КъЧР-м щэнхабзэмкIэ и Министерствэр, Никулин С. и цIэр зезыхьэ республикэ сабий библиотекэр, республикэ къэрал филармониер, Хьэбэз район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэр, Жьакуэ къуажэ администрацэр, хыхьэхэкIырылажьэ Шыбзыхъуэ Владимир, СМИ зэхуэмыдэхэр, — щыжаIащ пшыхьым.

Сценэм къыщагъэлъэгъуам, къыщыпсэлъахэм къинэмыщIауэ, мы пшыхьыр зытеухуам ипкъ иту, Афганистаным теухуа тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэри утыку кърахьащ. Уеблэмэ ныбжьыщIэхэр къыхураджащ социальнэ зэпыщIэныгъэхэм ихьэу, а тхылъхэм нэхъ кууэ зыщагъэгъуэзэну.

**БЭЗДЖЭН Л.**

«Уахътыншэ полк»

# ХъыбарегъащIэ

«Уахътыншэ полк» онлайн акцэм хэтыну хуейхэр фыщыдогъэгъуазэ!

Акцэм хыхьэну гукъыдэж зиIэм **2022.polkrf.ru** сайтыр, е **ВКонтакте**, **Одноклассники** социальнэ зэпыщIэныгъэхэр къигъэсэбэпу зыщIитхэн хуейщ.

2021 гъэм а Iэмалхэр къэзыгъэсэбэпу «личный кабинет» къызэIузыхахэм щIэрыщIэу зыщIыпIи зыщIамытхэу я напэкIуэцIхэмкIэ онлайн акцэм хэтыфынущ.

Ветераным и анкетэр сайтым щифлъхьэкIэ, абы и цIэмрэ и унагъуэцIэмрэ ифтхэн зыщывгъэгъупщэ хъунукъым.

Мы Iуэхугъуэр къызэзыгъэпэщынухэм я мурадщ сайтхэм деж «личный кабинет»-м ветеранхэм ятеухуауэ фызыщыгъуазэ гукъэкIыжхэр, хъыбархэр къифлъхьэ хъууэ, икIи фи ветеранхэм папщIэ нэгъуэщIхэм ятхажаIа тхыгъэхэр къызэрыфлъыхъуэну Iэмали хэту.

Зи лъэIу тхылъ пхыкIахэм иратынущ «Уахътыншэ полк» онлайн акцэмкIэ я ветеранхэр къызэрагъэлъэгъуэну электроннэ нэщэнэхэр (ссылкэхэр).

Онлайн акцэр щIидзэмэ, ветераным и сурэт зытет плакатыр къэлъыхъуэгъуафIэ хъун щхьэкIэ, ар экраным плъыфэ лейкIэ къыхэгъэщауэ щытынущ.

Хамэ къэрал къикIа цIыхухэми къыхузэрагъэпэщынущ къэралыбэ пэкIу сатыр. «Уахътыншэ полк» акцэр щрагъэкIуэкIынур накъыгъэм (майм) и 9-ращ. ЛъэIу тхылъхэр евгъэх хъунущ 2022 гъэм накъыгъэм и 7-м пщIондэ.

# Фысакъ

Иужьрей зэманым куэд хъуащ цIыхухэм я мынэIуасэхэм зыкъыпащIэу, Пенсэ фондым и лэжьакIуэу жаIэу къыщагъапцIэ къэхъукъащIэхэр.

«Пенсэ фондым и лэжьакIуэм» телефонкIэ зызыпищIам жреIэ ахъшэ тыныгъэ, пособэ лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр фондым къритын папщIэ и банк картэм тет бжыгъэхэр къыжриIэн хуейуэ. ЖыIэрыфIэщхэр къагъапцIэри, банк картэм тет бжыгъэхэри, ущэхуа кодхэри, СМС хъыбарегъащIэу къахуэкIуари, къинэмыщIхэри жрагъэIэ. Абы къыкIэлъыкIуэу — ахъшэр картэм ирагъэкIуэсыкI, къагъэпцIа тхьэмыщкIэм и цIэкIэ кредит къащтэ, щIыхуэшхуэм хагъэтIысхьэ...

Аращи, Пенсэ фондым и лэжьакIуэхэм цIыхухэр къыхураджэ апхуэдэ щытыкIэхэм хуэсакъыну, зыкърамыгъэгъэпцIэну. Абы папщIэ ящIапхъэхэмкIи чэнджэщэгъу мэхъу. Фимынэ-Iуасэхэм телефонкIэ зыкъыфпащIамэ, Пенсэ фондым и лэжьакIуэу жаIамэ — фи фIэщ фымыщI. Пенсэ фондым и лэжьакIуэхэм цIыхухэм телефонкIэ зыпащIэкъым я банк картэм итыр, нэгъуэщIхэри къацIыхун хьисэпкIэ.

Апхуэдэ къабзэу, ахъшэ, пособэ яритыжын хуейуэ СМС хъыбарегъащIэхэри яхуригъэхькъым. Анэ гъэтIылъыгъэми, нэгъуэщIхэми яхьэлIа сыт хуэдэ хъыбарри Пенсэ фондым щывгъуэтынущ фи щхьэкIэ захуэвгъэза нэужь. Езыхэри абыхэм яхьэлIа сыт хуэдэ бжыгъэми, къывэхьэлIауэ зыхуэныкъуэну щытыкIэ псоми щыгъуазэщ, я сайтхэм, электроннэ Iэмалхэм щахъумэ. Апхуэдэу, Пенсэ фондым и сайтыр къэвгъэсэбэпыфынущ: **https://pfr.gov.ru/.** ДэIэпыкъуэгъу зыхуэфщIыфынущ социальнэ сеть аккаунтхэри. Апхуэдэщ КъЧР-м и ПФ-м ВКонтакте-м щиIэр: **https://vk.com/pfr.kchr**. Телеграм-каналым дежи фызыхуейм фыщылъыхъуэфынущ икIи щивгъуэтэнущ: **https://t.me/pfr_kchr.**

Пенсэхэм, социальнэ ахъшэхэм яхьэлIауэ упщIэ зиIэм клиент къулыкъухэм захуигъазэмэ, жэуапхэр ящигъуэтынущ: **https://pfr.gov.ru/branches/kchr/info/~0/7452.**

КъинэмыщIауэ, «Горячая линия» телефонри жэуапкIэ къыфпэджэжынущ: **8-800-600-02-91.**

Хъунущ ПФР-м онлайну зыхуэгъэзэныгъэ ебгъэхьми. Абы папщIэ ПФР-м и электроннэ пощтым уихьэу, фондым и сайтым — **https://es.pfrf.ru/appeal/** упщIэр къыщыбгъанэ хъунущ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

# ТЕЛЕПРОГРАММЭ

накъыгъэм и **2-8**

## ПОНЕДЕЛЬНИК 2

**ПЕРВЫЙ**

9:20 "Ураза-Байрам".
10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:20 "Светлана Немоляева. Мы старались беречь друг друга" (12+)
13:20 "Весна на Заречной улице" (12+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 "Александр Панкратов-Черный. По законам военного времени" (S) (16+)
16:35 "Кто хочет стать миллионером?" с Дмитрием Дибровым (12+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Екатерина Климова, Александр Панкратов-Черный в многосерийном фильме "По законам военного времени". Новые серии (S) (12+)
23:35 К 90-летию со дня рождения Александра Белявского. "Для всех я стал Фоксом" (12+)

**РОССИЯ**

9:00 Праздник Ураза-Байрам.
9:55 По секрету всему свету. (Субтитры).
10:15 Сто к одному. (Субтитры).
11:00 Вести.
12:15 Кавказская пленница, или Новые приключения Шурика. Худ. Фильм. (Субтитры). (6+).
14:00 Вести.
14:55 Акушерка. Новая жизнь. 1-я серия. (16+).
16:00 Акушерка. Новая жизнь. 2-я серия. (16+).
17:00 Вести.
17:55 Акушерка. Новая жизнь. 3-я серия. (16+).
19:00 Акушерка. Новая жизнь. 4-я серия. (16+).
20:00 Вести в 20:00.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 Золотой папа. Худ. Фильм. (Субтитры). (16+).

**НТВ**

10:00 Сегодня.
10:20 Фильм "ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ-3. ГУБЕРНАТОР" (16+).
12:10 Андрей Смирнов, Александр Панкратов-Черный в остросюжетном сериале "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 Остросюжетный сериал "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
19:35 Остросюжетный сериал "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
22:15 Премьера. "Будут все!" Юбилейный концерт Виктора Дробыша /стерео/ (12+).

**МАТЧ!**

9:05 Новости.
9:10 "Земляк". Телевизионный сериал. Россия, 2013 г. (16+).
12:30 Новости.
12:35 "Гонщик". Художественный фильм. США, 2001 г. (12+).
14:55 Новости.
15:00 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. Обзор тура (0+).
15:55 Хоккей. Выставочный матч. Россия - Белоруссия. Прямая трансляция.
18:20 Новости.
18:25 Мини-футбол. Чемпионат России "Парибет-Суперлига". 1/4 финала. КПРФ (Москва) - "Тюмень". Прямая трансляция.
20:20 "Громко" Прямой эфир.
21:20 Новости.
21:25 Футбол. Чемпионат Германии. "Байер" - "Айнтрахт". Прямая трансляция.
23:30 Все на Матч! Прямой эфир.

**АРХЫЗ 24**

09:00 «События недели» (12+)
09:55 «Мы одна семья абазинцы» (12+)
10:25 «Мы одна семья ногайцы» (12+)
10:50 «Мы одна семья черкесы» (12+)
11:15 «Мы одна семья карачаевцы» (12+)
11:35 «Мы одна семья русские» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «Новостенок» (6+)
14:35 Х/Ф «Улыбка пересмешника» 15 серия (12+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «Сельский кластер» (12+)
16:25 «Разговорник» (6+)
16:35 «Ремесла» (12+)
17:00 Х/Ф «Лев Гурыч Синичкин» (0+)
18:25 «Благословенный Кавказ»» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:30 «Концерт Камерного оркестра» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «Шоу город» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Верь мне» 6 серия (12+)
23:30 «Музыка» (16+)

## ВТОРНИК 3

**ПЕРВЫЙ**

10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:20 К 100-летию знаменитого артиста. Премьера. "Владимир Этуш. "Все, что нажито непосильным трудом" (0+)
13:15 Фильм "Белорусский вокзал" (0+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Фильм "Стряпуха" (0+)
16:30 "Кто хочет стать миллионером?" с Дмитрием Дибровым (12+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "По законам военного времени". Новые серии (S) (12+)
23:40 "Владимир Этуш. "Все, что нажито непосильным трудом" (0+)

**РОССИЯ**

9:20 Пятеро на одного. (Субтитры).
10:10 Сто к одному. (Субтитры).
11:00 Вести.
12:00 От печали до радости. Худ. Фильм. (Субтитры). (12+).
14:00 Вести.
14:55 Акушерка. Новая жизнь. 5-я серия. Сериал. (Субтитры). (16+).
16:00 Акушерка. Новая жизнь. 6-я серия. Сериал. (Субтитры). (16+).
17:00 Вести.
17:55 Акушерка. Новая жизнь. 7-я серия. Сериал. (Субтитры). (16+).
19:00 Акушерка. Новая жизнь. 8-я серия. Сериал. (Субтитры). (16+).
20:00 Вести в 20:00.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 Хрустальное счастье. Худ. Фильм. (Субтитры

**НТВ**

8:00 Сегодня.
8:20 "МУЖСКИЕ КАНИКУЛЫ" /стерео/ (16+).
10:00 Сегодня.
10:20 Фильм "АФОНЯ" (0+).
12:10 "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
19:35 "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
22:30 Премьера. "Все звезды майским вечером" /стерео/ (12+).
0:05 Фильм "АФОНЯ" (0+).

**МАТЧ!**

9:05 Новости.
9:10 "Земляк". Россия, 2013 г. (16+).
12:25 Художественная гимнастика. Международный турнир. Прямая трансляция из Москвы.
15:00 Новости.
15:05 Все на Матч! Прямой эфир.
15:30 "Контракт на убийство". Художественный фильм. США, 2017 г. (16+).
17:30 Волейбол. Чемпионат России "Суперлига Paribet". Женщины. Финал. Прямая трансляция.
20:00 Бокс. Bare Knuckle FC. Л. Хант - Д. Риггс. Трансляция из США (16+).
21:00 Все на Матч! Прямой эфир.
21:40 Новости.
21:45 Футбол. Лига чемпионов. 1/2 финала. "Вильярреал" (Испания) - "Ливерпуль" (Англия).

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 Д/Ф «Турция по карачаевски» (12+)
11:30 Прямой эфир «Торжественное собрание Главы КЧР» (12+)
11:40 «Нур» (12+)
11:50 «Разговорник» (6+)
12:00 «Здесь и сейчас» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 Д/Ф «Немое эхо» (12+)
14:20 «С чего начинается Родина» (12+)
14:35 Х/Ф «Улыбка пересмешника» 16 серия (12+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 Д/Ф «В судьбе незажившие раны» (12+)
16:35 «Имена и времена» (12+)
17:00 «Концерт Эльбрус» (12+)
18:40 «Пульс республики» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
19:55 Д,Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
20:40 «Ислам моя религия» (12+)
21:10 «О земном и небесном» (12+)
21:30 Д/Ф «Схауат» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Верь мне» 7 серия (12+)

## СРЕДА 4

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "По законам военного времени". Новые серии (S) (12+)
22:45 "Большая игра" (16+)

**РОССИЯ**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 О самом главном. (Субтитры). (12+).
11:00 Вести.
11:30 60 минут. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 Кто против? (12+).
17:00 Вести.
17:30 60 минут. (12+).
20:00 Вести в 20:00.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

10:00 Сегодня.
10:35 Боевик "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
23:05 Сегодня.

**МАТЧ!**

9:05 Новости.
9:10 Футбол. "Вильярреал" (Испания) - "Ливерпуль" (Англия) (0+).
11:10 Классика бокса. Мохаммед Али. Лучшее (16+).
12:20 Новости.
12:25 Специальный репортаж (12+).
12:45 Все на Матч! Прямой эфир.
13:25 "Неоспоримый 2". США, 2006 г. (16+).
14:55 Новости.
15:00 "Неоспоримый 2". США, 2006 г. (16+).
15:30 "Гонщик". США, 2001 г. (12+).
17:25 Новости.
17:30 "Гонщик". США, 2001 г. (12+).
17:55 Матч! Парад (0+).
18:25 Все на Матч! Прямой эфир.
18:55 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. "Краснодар" - "Локомотив" (Москва). Прямая трансляция.
21:00 Все на Матч! Прямой эфир.
21:40 Новости.
21:45 Футбол. Лига чемпионов. 1/2 финала. "Реал" (Мадрид, Испания) - "Манчестер Сити" (Англия).

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Имена и времена» (12+)
11:30 «Архызский лик» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Вторые» 1 серия (16+)
15:30 «Здоровья» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:30 «Парламентский вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Верь мне» 8 серия (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## ЧЕТВЕРГ 5

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 Премьера. "По законам военного времени". Новые серии (S) (12+)
22:45 "Большая игра" (16+)

**РОССИЯ**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 О самом главном. (Субтитры). (12+).
11:00 Вести.
11:30 60 минут. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 Кто против? (12+).
17:00 Вести.
17:30 60 минут. (12+).
20:00 Вести в 20:00.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым". (12+).

**НТВ**

8:25 Боевик "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
10:00 Сегодня.
10:35 Боевик "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "За гранью" /стерео/ (16+).
17:50 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 "ДИНОЗАВР" /стерео/ (16+).
23:05 Сегодня.

**МАТЧ!**

9:05 Новости.
9:10 Футбол. "Реал" (Мадрид, Испания) - "Манчестер Сити" (Англия) (0+).
11:10 Классика бокса. Майк Тайсон. Лучшее (16+).
12:20 Новости.
12:25 Специальный репортаж (12+).
12:45 Все на Матч! Прямой эфир.
13:25 "Неоспоримый 3. Искупление". (16+).
14:55 Новости.
15:00 "Неоспоримый 3. Искупление". (16+).
15:30 Волейбол. Чемпионат России "Суперлига Paribet". Мужчины. "Финал 6-ти". "Динамо-ЛО" (Ленинградская область) - "Локомотив" (Новосибирск). Прямая трансляция из Казани.
17:55 Новости.
18:00 Смешанные единоборства. UFC. Роб Фонт против Марлона Веры. Трансляция из США (16+).
18:55 Все на Матч! Прямой эфир.
19:25 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/2 финала.
21:25 Все на Матч! Прямой эфир.
21:45 Футбол. Лига Европы. 1/2 финала.

**АРХЫЗ 24**

09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Аутентичная кухня» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Вторые» 2 серия (16+)
15:20 «Календарь» (12+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Внимание говорит Москва» (16+)

## ПЯТНИЦА 6

**ПЕРВЫЙ**

9:00 Новости
9:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
10:00 "Жить здорово!" (16+)
10:40 Информационный канал (16+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 Информационный канал (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 Информационный канал (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Информационный канал (16+)
21:00 "Время"
21:45 "По законам военного времени". Новые серии (S) (12+)
23:40 "Леонид Быков. "Арфы нет - возьмите бубен!" (16+)

**РОССИЯ**

9:00 Вести. Местное время.
9:30 "Утро России".
9:55 О самом главном. (Субтитры). (12+).
11:00 Вести.
11:30 60 минут. (12+).
14:00 Вести.
14:30 Вести. Местное время.
14:55 Кто против? (12+).
17:00 Вести.
17:30 60 минут. (12+).
20:00 Вести в 20:00.
21:05 Вести. Местное время.
21:20 "Вечер с Владимиром Соловьёвым".

**НТВ**

8:25 Боевик "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
10:00 Сегодня.
10:35 Боевик "МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СМЕРЧ" (16+).
13:00 Сегодня.
13:25 Чрезвычайное происшествие.
14:00 "Место встречи".
16:00 Сегодня.
16:45 "ДНК" /стерео/ (16+).
19:00 Сегодня.
20:00 Премьера. Остросюжетный сериал "ДИНОЗАВР"

**МАТЧ!**

9:05 Новости.
9:10 Футбол. Лига конференций. 1/2 финала (0+).
11:10 Классика бокса. Майк Тайсон. Лучшее (16+).
12:25 Новости.
12:30 Специальный репортаж (12+).
12:50 Все на Матч! Прямой эфир.
13:25 Смешанные единоборства. AMC Fight Nights. Геннадий Ковалёв против Марсио Сантоса. Прямая трансляция из Владивостока.
15:30 Волейбол. Чемпионат России "Суперлига Paribet". Мужчины. "Финал 6-ти". "Зенит" (Санкт-Петербург) - "Динамо-ЛО" (Ленинградская область). Прямая трансляция из Казани.
17:55 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. "Крылья Советов" (Самара) - "Динамо" (Москва). Прямая трансляция.
19:55 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/2 финала. Прямая трансляция.
21:55 Футбол. Чемпионат Италии. "Дженоа" - "Ювентус".

**АРХЫЗ 24**

09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Вторые» 3 серия (12+)
15:20 «Календарь» (12+)
15:30 «Поехали» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Ваше право» (12+)
18:50 «Разговорник» (6+)
19:00 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Имена и времена» (12+)
22:35 Х/Ф «Внимание говорит Москва» (12+)
23:20 «Календарь» (12+)
23:30 «События дня» (12+)

## СУББОТА 7

**ПЕРВЫЙ**

9:00 "Умницы и умники" (12+)
9:45 "Слово пастыря" (0+)
10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 Премьера. "Звезды кино. Они сражались за Родину". Фильм 1-й (12+)
11:15 "Видели видео?" (0+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 "Видели видео?" (0+)
13:55 "Мосгаз". Новое дело майора Черкасова (S) (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 "Мосгаз". Новое дело майора Черкасова (S) (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Фильм "Подольские курсанты" (S) (16+)
21:00 "Время"
21:35 "Сегодня вечером" (16+)
23:15 "Звезды кино. Они сражались за Родину"

**РОССИЯ**

9:00 Формула еды. Воронежская область. Бородинский хлеб. (Субтитры). (12+).
9:25 Пятеро на одного. (Субтитры).
10:10 Сто к одному. (Субтитры).
11:00 Вести.
12:00 Доктор Мясников. (Субтитры). (12+).
13:05 Этим летом и навсегда. Худ. Фильм. (Субтитры). (12+).
17:00 Вести.
18:00 Привет, Андрей! (Субтитры). (12+).
20:00 Вести в 20:00.
21:00 Поворот на счастье. Премьера. (Субтитры).

**НТВ**

9:25 Едим дома /стерео/ (0+).
10:00 Сегодня.
10:20 Главная дорога /стерео/ (16+).
11:00 "Живая еда с Сергеем Малозёмовым" /стерео/ (12+).
12:00 Квартирный вопрос /стерео/ (0+).
13:05 "Однажды..." /стерео/ (16+).
14:00 Своя игра /стерео/ (0+).
15:00 Следствие вели... /стерео/ (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 Следствие вели... /стерео/ (16+).
18:00 "По следу монстра" /стерео/ (16+).
19:00 "Центральное телевидение" с Вадимом Такменевым.
20:20 Премьера. Сергей Пускепалис, Федор Добронравов, Роман Мадянов, Юрий Стоянов в фильме "БЕССМЕРТНЫЕ" /стерео/ (12+).
22:35 Премьера. "Будем жить, старина!"

**МАТЧ!**

9:35 Новости.
9:40 "Спорт Тоша". (0+).
9:45 "Фиксики". Мультипликационный фильм (0+).
10:10 "Неоспоримый 2". США, 2006 г. (16+).
12:10 Бокс. Bare Knuckle FC. Арнольд Адамс против Диллона Клеклера. Трансляция из США (16+).
13:10 Новости.
13:15 Все на Матч! Прямой эфир.
13:55 Баскетбол. Единая лига ВТБ. 1/2 финала. Прямая трансляция.
15:55 Новости.
16:00 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. "Зенит" (Санкт-Петербург) - "Химки" (Московская область).
18:30 Все на Матч! Прямой эфир.
18:55 Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. ЦСКА - "Сочи". Прямая трансляция.
21:00 Все на Матч! Прямой эфир.
21:35 Новости.
21:40 Футбол. Чемпионат Италии. "Лацио" - "Сампдория". Прямая трансляция.

**АРХЫЗ 24**

09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Имена и времена» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «Храброе сердце» (6+)
15:35 Мультфильм «Фиксики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 «Лига эрудитов» (12+)
18:30 «Пульс Республики» (12+)
18:45 «Время, вперед!» программа (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Твой выходной» (12+)
21:30 «Разговорник» (6+)
21:40 Х/Ф «И была война» (16+)

## ВОСКРЕСЕНЬЕ 8

**ПЕРВЫЙ**

10:00 Новости (с субтитрами)
10:15 "Звезды кино. Они сражались за Родину". Фильм 2-й (12+)
11:15 "Видели видео?" (0+)
12:00 Новости (с субтитрами)
12:15 "Видели видео?" (0+)
13:55 "Мосгаз". Новое дело майора Черкасова (S) (16+)
15:00 Новости (с субтитрами)
15:15 "Мосгаз". Новое дело майора Черкасова (S) (16+)
18:00 Вечерние новости (с субтитрами)
18:20 Премьера. "АнтиФейк" (16+)
19:00 Петр Федоров в фильме "Летчик" (S)
21:00 "Время"
22:35 Юлия Пересильд, Владимир Машков в фильме "Край" (S) (16+)

**РОССИЯ**

9:25 Утренняя почта с Николаем Басковым. (Субтитры).
10:10 Сто к одному. (Субтитры).
11:00 Вести.
11:55 Фестиваль детской художественной гимнастики "Алина". (Субтитры).
13:30 Большой. (Субтитры). (12+).
17:00 Вести.
18:00 Песни от всей души. Премьера. (Субтитры). (12+).
20:00 Вести недели.
22:00 Москва. Кремль. Путин.
22:40 "Воскресный вечер с Владимиром Соловьёвым".

**НТВ**

10:00 Сегодня.
10:20 "Первая передача" /стерео/ (16+).
11:00 "Чудо техники" /стерео/ (12+).
12:00 "Дачный ответ" /стерео/ (0+).
13:00 "НашПотребНадзор" /стерео/ (16+).
14:00 Своя игра /стерео/ (0+).
15:00 Следствие вели... /стерео/ (16+).
16:00 Сегодня.
16:20 Следствие вели... /стерео/ (16+).
19:00 "Итоги недели" с Ирадой Зейналовой.
20:30 "Маска". Лучшее /стерео/ (12+).

**МАТЧ!**

9:35 Новости.
9:40 "Спорт Тоша". (0+).
9:45 "Смешарики". (0+).
10:10 "Неоспоримый 3. Искупление". Художественный фильм. США, 2010 г. (16+).
12:10 Смешанные единоборства. UFC. Чарльз Оливейра против Джастина Гейджи. Трансляция из США (16+).
12:55 Новости.
13:00 Бокс. Турнир "Знамя Победы". Прямая трансляция.
15:30 Все на Матч! Прямой эфир.
15:55 Волейбол. Чемпионат России "Суперлига Paribet". Женщины. Финал. Прямая трансляция.
18:00 Все на Матч! Прямой эфир.
18:25 Хоккей. Международный турнир. Финал. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга.
20:45 После футбола с Георгием Черданцевым.
21:40 Футбол. Чемпионат Италии. "Верона" - "Милан". Прямая трансляция.
23:45 Все на Матч! Прямой эфир.

**АРХЫЗ 24**

09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Женский портрет» (12+)
11:00 «Новостенок» (6+)
11:30 «Здоровье» (12+)
12:00 «Ближе к людям» (12+)
12:35 «Ремесла» (12+)
13:00 «Мой аул» (12+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 Х/Ф «Степные дети» (12+) 4 серии
17:30 «Авторские программы» (12+)
17:55 «Итоги недели. Черкесск» программа
18:30 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Аутентичная кухня» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Ислам-моя религия» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Край» (16+)

**Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр накъыгъэм (майм) и 7-ращ.**


@CHERKESHAKU
Телеграм каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ГУНДЭХЪУ Аня, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Жантемыр Зураб.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2951-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ